


YON GID

 Ke Seyè a beni w, Frè Neville.

M tèlman kontan retounen nan legliz la aswè a. M jis on ti kras anwe. Mesaj la te on ti jan long maten an, e se sèten m te kan menm kontan ke Se te isi a. E m te jwi L pou tèt pa m, pandan m t ap bay Li, e m espere nou te kontan tandè L. [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.]

² Kounye a pa bliye, toujou sonje sa, se bagay sa yo ki bati sèvitè Kris la. Ou wè, lafwa an premye, apre sa vèti. E kounye a sonje, Sentespri a pa ka mete kwaf sou bilding Bondye a toutotan bagay sa yo pa an operasyon pa Lespri. Kèlkeswa sa w fè a, ou wè. Se bagay sa yo ki bati Kò Kris la, ou wè, bagay sa yo. Kounye a, pa bliye sa, ke bagay *sila a* vin an premye, se fwa ou. Vèti, konesans, e latrkiye, yo dwe ajoute a sa, jouk tout grandè Kris la o konplè ka manifeste, lè sa Sentespri a vini sou li epi sele l tankou yon sèl Kò. Bagay sa yo dwe la. Konsa, Jezi te di: “Se pa fwi yo yo va rekonèt yo.” Ou wè, fwi! Ou patap ka pote fwi si bagay sa yo pat nan ou pou pote l. E lè sa kan tout sa ranplase bagay lemonn ak—ak bagay ki pa pou Bondye, e latrkiye, lè sa tout enkredilite chase, lè sa tout bagay lemonn al fè wout yo, lè sa pa gen anyen sòf yon nouvèl kreyati nan Kris. Epitou Efezyen 4:30 di: “Pa blese Sentespri Bondye, paske se pa Limenm ou sele jouk jou redanpsyon w lan.” Sele nan Wayòm Bondye a! Bon, pa bliye sa. Kenbe sa nan lespri w kounye a, sa pran bagay *sa yo* an premye. Apre sa so a se Sentespri a, Kwaf ki sele nou nan Kò a. Dakò.

³ Nou gen yon—yon rekèt kounye a pou Sè Little, nan Chicago, mari l te fè yon aksidan machin epi li lonje tou long prèt pou l mouri, Sè Little. Epi Edith Wright, ti sè nou isi a ke nou konnen depi tèlman lontan, li pa bon menm, menm, lakay li aswè a, e yo te vle anonse sa bay legliz la konsa nou tout ta ka priye ansanm pou rekèt sa. Epi bon annou koube tèt nou jis yon moman.

⁴ Presye Papa nou, Ki nan Syèl la, nou rasanble (pa lafwa) toutotou Twòn Bondye a, e n ap mande gras mizèrikòd Bondye pou rekèt sa yo. Frè Little, yon aksidan machin, sou pwen mouri. Bondye, ede li. Ke Sentespri a rete bò kabann li epi mennen l tounen ba nou, Seyè. Epi ti Edith Wright anba la, m priye, Bondye, ke Sentespri a va bò kote kabann li aswè a epi reba l sante l ankò. Fè sa, Papa. Ou te pwomèt bagay sa yo, e nou kwè yo. E tankou nou t ap panse maten an, distans sa pa vle di anyen pou Ou, Ou jis gran menm jan an nan yon pati nan mond lan ke Ou ye nan lòt pati a, paske Ou toupatou, toupwisan, epi san fen. E nou priye, Papa, ke Ou va reponn rekèt sa yo nan Non Jezikri. Amèn.

⁵ M kontan anpil antre la aswè a ankò, pou . . . E m konnen l fè cho. Sa fè twa reyinyon youn dèyè lòt, epi se . . . M konnen kèk nan nou gen pou kondwi jiska senksan mil distans ant kounye a e demen maten. Epitou a kòmanse apre demen, m gen pou m kondwi milkatsan mil apre sa. Kidonk, kidonk mwen—mwen gen konfyans ke se te yon gran moman pou nou tout. E pou mwen se te yon gran moman pou vizite nou. Yon sèl inik bagay nou te mande, gen si tèlman moun yo te refize poutèt pat gen plas, nou pa kab ankondre ale yo twòp, depatman ponpye pa t ap rete trankil sou sa. Kidonk pou kounye a n ap eseye gen yon legliz yon tijan pi gwo, pou lè nou anndan l, nou ka gen plas pou moun yo chita.

⁶ Epi kounye a, nenpòt kilè, nou toujou byenvini isi a nan tabènak la, kote nou pa gen okenn kredo ke Kris, okenn lwa ke lanmou, okenn liv ke Bib la. E kidonk . . . E pastè nou se Frè Orman Neville isi a. E nou gen kongregasyon an isi a ak—ak anpil moun ki rasanble la tankou yon tabènak entèdenominasyonèl, kote ou vini isi a epi adore Bondye selon sa pwòp konsyans ou dikte w. Nou toujou kontan pou w avè nou. E kidonk vini lè w kapab, nou toujou kontan resevwa w.

⁷ Bon kounye a, daprè sa m konnen, pwochenn fwa m ap avèk nou, se pral apre legliz la fin fèt. E lè sa m vle, apre *Laj Legliz Yo*, se la nou vle ale apre sa nan dènye sèt *So yo*, e dènye sèt *So yo* nan Liv Apokalips la, pou anseye Sa.

⁸ Bon kounye a tèlman gen moman kote malad ak aflije yo te konn vini, e pandan reyinyon sa yo, lè sa vizyon te nesese, e yo te konn vini pou entèvyou espesyal. Si m antre nan sa, alò mwen—mwen jis pa ka fè diferans ant yo, epi, non, li difisil pou mwen pou pale apre sa. E tout moun konnen ke nan kanpay gerizon nou yo, dabitid se Mesye Baxter oswa yon lòt moun ki preche, e lè m soti se pou priye pou malad yo, paske sa jis on tijan egzijan. E mwen t ap priye pou kèk moun sa fè yon ti moman, epi apre mwen te rankontre yon timoun piti isi a ke doktè yo . . . yon bagay nan do li, te pouse pa yon mwayen kèlkonk. Antan m t ap soti, m te wè l chita la vlope ak plat. Timoun sa pata dwe janm kokobe konsa, li pral geri. Sèten, se sa, ou wè. Se, mwen konn sa. Ou wè, m pozitif sou sa. Kifè nou vle gen fwa nou ak kwayans nou nan Bondye.

⁹ Nou chak, ak anpil nan nou se etranje pou mwen, tout minis yo e latriye. Si m pa twonpe m, sa se Frè Crase. Èske se sa? Frè Crase, mwen—mwen dwe w yon ekskiz, poutèt m pa t al lòtbò a pou dedikas sa. Petèt mwen va al lòtbò a pou yon reyinyon fenn semèn, l ap bon menm jan an. Èske se kòrèk? Lòtbò a nan Bloomington. Èske w pòte w byen? Se bon. Kèk nan frè sa yo isi a se minis yo ye, m sipoze. Ou se yon minis? Wi, mesye. Ke Seyè a beni w. E konbyen minis ki gen nan bilding lan, kite nou wè men nou. Ebyen, sa jis bon. Nou kontan genyen w isi a, si tèlman kontan. Ke Bondye toujou beni nou!

¹⁰ Kounye a, pou nou ka soti byen bonè, kèk nan yo pral nan Georgia, Tennessee, New York, toupatou, apati de aswè a, kòmanse aswè a. Bon, kondwi ak pridans sou wout la. Si dòmi vle pran w, epi ou pa vle al nan yon motèl, mete w sou kote wout la epi dòmi jouk ou. . . Se konsa mwen fè. Ou wè, jis mete w sou kote epi dòmi. Pa, pa kondwi pandan w gen dòmi. Se yon move bagay. Epi, sonje, se pa oumenm, se pwochen kanmarad la ou dwe siveye. Ou wè? Ou konn kote w prale, ou pa konn kote l prale, alò—alò ou dwe veye nonm sa. Kidonk, asire w je w byen kale tout tan, pou ap veye sa.

¹¹ Kounye a, m vle li aswè a yon pòsyon Ekriti ou jwenn nan Liv Sen Jan an. Bon, ti Ekriti sa yo ke n ap li a epi n ap refere nou an, se pou ba nou yon baz pou sa n ap eseye di. E toujou, m pa janm menm yon fwa, daprè sa m ka sonje, te janm vini sou chè a, ap eseye di yon bagay jis pou di l. M toujou eseye tann, obsève, etidye, priye, jouk m santi ke m gen yon bagay ki ka ede moun yo. Si m pa ka yon èd, alò li pa nesèsè pou m kanpe isi a, ou wè. Se, eseye ede! E kounye a aswè a, natirèlman, pi gwo pati nan foul nou yo te pati maten an, paske yo te dwe al lakay yo, anpil nan yo. Men, aswè a, m te di nou si nou te rete nou t ap eseye jis pale pandan karantsenk minit sou yon bagay ke m espere ki ka ede nou. E pou sa nou pral baze nou kounye a sou Sen Jan, chapit 16, epi annou kòmanse apeprè nan vèsè 7 la—la nan chapit 16 la, epi li jiska vèsè 15 lan—lan.

Men, M ap di nou laverite; li pi bon pou nou si M ale. Paske, si M pa ale, Moun Ki gen pou vin ankouraje nou an p ap vin jwenn nou. Men, lè M ale, M a voye l ban nou.

E Li menm, lè la vini, la moutre moun lemonn yo jan yo nan lerè sou keksyon peche, sou keksyon sa ki dwat devan Bondye, sou keksyon jijman Bondye.

Yo nan lerè sou keksyon peche a, paske yo pa mete konfyans yo nan mwen.

Yo nan lerè sou keksyon sa ki dwat devan Bondye, paske Mwen pral jwenn Papa M, e nou p ap wè m ankò.

Yo nan lerè sou keksyon jijman Bondye a, paske prens k ap dominen lemonn lan fin jije deja.

Mwen gen anpil lòt bagay ankò pou M di nou, men nou pa ka konprann yo koulye a.

Men, li menm Lespri k ap moutre verite a, lè la vini, la mennen nou nan tout verite a. Paske li p ap pale pawòl pa li. Men, tou sa la tandè, se sa la di nou: e la fè nou konnen bagay ki gen pou rive.

Paske, Li pral fè yo wè pouvwa mwen, paske la pran sa ki pou mwen pou l fè nou konnen yo.

Tou sa ki pou Papa a se pou mwen yo ye tou. Se poutèt sa mwen di nou la pran sa ki pou mwen pou l fè nou konnen yo.

12 Kounye a nan vèsè 13 la. “Men lè Lespri Verite a va vini, Li va gide nou nan tout Verite. Lè Lespri Verite a va vini, Li va gide nou nan tout Verite.” Kisa ki Verite? Pawòl la. “Paske Li va pale, Li pa pral pale de Tèt Li; men sa Li tandè, Li va pale. Sa Li tandè, Li va pale.” Lòt jan an, Li va Sila ki va revele bagay la, ou wè. E chapit 4 Ebre a, Bib la di ke “Pawòl Bondye pi file, pi pwisan pase yon epe de bò, youn—youn ki ka Disène panse nan lespri, nan kè.” Ou wè, “Sa Li tandè, Li va pale, e Li va montre nou bagay ki pou vini.” Ou wè? Kisa ki pral fè sa? Sentespri a Ki va vini nan Non Seyè Jezi.

13 E mwen ta renmen pran kèk nan pwochenn minit sa yo pou atire atansyon nou sou mo “gid” la, *Yon Gid*. Ou konnen, mwen te fè on pakèt eksperyans nan forè. Yon Gid, se yon moun ki pou montre nou chemen an. Ou dwe gen yon gid lè w pa konn kote w prale. E kòm m abitye ak lachas, epi ak teritwa ki nan anviwonn li, mwen te gen opòtinite a—a pou rankontre kèk gid. E mwen se yon gid, mwen menm, nan Kolorado, poutèt mwen konn peyi a, travay nan ranch, ak bagay konsa, mwen ka gide nan Kolorado.

14 Kounye a, yon gid dwe konn chemen an. Li dwe konnen kote l prale epi sa l ap fè a, e kijan pou l pran swen w sou tout wout la. Ou wè? Li dwe pran prekosyon pou w pa pèdi. Yon gid se yon nonm ki seleksyone. Leta seleksyone nonm sa si l se yon gid. E, kounye a, lè n ap fè yon vwayaj nan dezè a, kote petèt nou pa abitye ale, se pa yon bon bagay pou w ale san youn. Franchman, gen kèk plas ou pa ka menm ale san youn, pa ekzanp, Canada. Gid la—la dwe siyen pèmi w lan bay gad-chas la. Li dwe siyen pou tèt pa l pou l antre, e li responsab ou. Si nenpòt bagay rive w, se responsabilite pa l. Li dwe pran swen w. Li dwe veye pou w pa pèdi. Li dwe asire l pou l pa voye w yon kote pou w pa konn kijan pou w tounen. E si w ta vin pèdi, li ta dwe konn peyi a si tèlman byen ke l ka vin chache w nenpòt lè a. Li dwe konn tout bagay sa yo san sa li pa ka yon gid, yo pa ka ba l pèmi pou l vin yon gid.

15 Pou jan de bagay sa yo, pafwa ou dwe gen yon randevou, rele anvan epi pran aranjman, fè rezèvasyon pou yo soti avè w. E si w . . . Pafwa li chaje epi li pa ka pran w, ou dwe ranvoye l pou yon ti tan, an palan de—de gid terès la. Ou pa p janm gen pou fè sa ak Gid Bondye a, Li toujou pare, toujou pare.

16 Kounye a, si w pa fè preparasyon sa yo, epi w gen entansyon pati an vwayaj nan dezè a kote w pa t ale anvan, ou ka vin pèdi, epi peri. Ou gen apeprè on pousan chans pou soti nan dezè a, sa se, si l pa twò epè, ou ta ka gen on pousan chans pou soti pou kò w. Men si se yon zòn sovaj dezè ki pa bon menm, dèyè nan fon nèt, ou pa gen on chans pou soti. Pa gen okenn mwayen pou fè

l, paske w ap retwouve ou sou chemen lanmò, epi apre sa ou—ou chire, apre sa w fini. Bon, epitou w va peri si w pa gen yon gid ki konn peyi a e ki konn kijan pou tounen.

¹⁷ Anpil nan nou tande pale de atik nou te li lane dènyè nan Tucson, Arizona, sou Gason Eskout sa yo. Wi, yo te resevwa fòmasyon pou yo konnen kijan pou yo pran swen tèt yo, yo te eskout. Epi yo pa t jis Ti Louvto, yo te bon jan eskout. Epi yo te pati an vwayaj nan montay yo, epi yon tanpèt nèj te vini, lanati te chanje pozisyon l. E lè yo te pran konsyans yo te pèdi epitou yo tout te peri, se akoz yo . . . yon bagay, chanjman vin fèt nan woutin regilye a, yo pa t konn kijan pou yo soti. Ou wè? E m bliye konbyen jenn gason ki te genyen ki peri sou montay la, menm si yo te gen elikoptè, epi Milis la te mobilize, ak Gad Nasyonal yo, epitou èd moun benevòl, ak tout bagay. Men yo te pèdi, pa gen pèsonn ki te konnen kote yo te ye. E yo pa t ka pran swen tèt yo. Yo tout te peri nan nèj la paske yo pa t konnen si yo ta pral nan lès, nò, lwès ou sid, anwo ou anba, oswa kijan sa te ye, tout bagay te sanble.

¹⁸ Kounye a, yon gid konnen kote l ye, kelkeswa tan l fè a. Li—li ekipe pou fè sa. Li konnen sa l ap fè. Li abitye ak tout bagay. Li konn aparans tout bagay, kidonk menm nan fènwa a gen bagay li ka santi.

¹⁹ Pa ekzanp, men yon vye trik gid la genyen. Ou konnen, si w ka wè etwal yo, nenpòt moun ka di nan ki direksyon ou prale si w ap obsève etwal yo. E nou toujou vle obsève sèl vrè etwal la. Gen sèlman yon sèl vrè etwal, e sa se Etwal Polè a. Ou wè, sèlman youn, li rete menm kote a. Sa reprezante Kris, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Lòt yo ka kite òbit yo, men Li rete menm lan. Legliz yo ka atire w fason sa, oswa kèk ka atire w fason *sila*; men pa Li, Li toujou menm lan.

²⁰ Ebyen, kounye a, si w pa ka wè Etwal Polè sa, epi gen nyaj, apre sa ou remake, se lajounen epi w pèdi, si w gade pyebwa yo. Pyebwa a toujou, mous la twouve l sou bò nò pyebwa a, paske bò sid pyebwa a pran plis solèy pase bò nò a. Men kisa k rive lè l fè nwa epi w pa ka wè mous la? Si w fèmen je w epi pa eseye panse a anyen, fèmen je w epi jwenn yon pyebwa ak ekòs glise, mete men w yo toutotou pyebwa a jan sa jouk dwèt ou yo kontre, epi apre sa kòmanse fè tou pyebwa sa tou dousman. Epi lè w jwenn yon kote ekòs la vrèman epè, fann, sa se bò nò a (travay van yo), sètalo ou ka di nan ki direksyon ou prale, nò oswa sid. Epi fason sa, o, gen anpil bagay, men se gid ki konnen kijan pou fè bagay sa yo. Jis yon nonm òdinè va kanpe la pou di: “M pa santi okenn diferans nan sa.” Ou wè? Ou wè, ou dwe gen fòmasyon pou travay gid sa.

²¹ E ti mesye sa yo, pa gen dout ke yo te bon eskout, yo ka te konn fè ne ak kòd, yo ka te konn fè dife ak wòch, e lòt bagay konsa. Men pou konn wout ou pou soti, se sa ide a ye! Yo menm,

yo pa t konn kijan pou yo soti, kifè konsa yo tout te peri paske yo pa t pran yon gid avèk yo.

²² De zan de sa, nan Kolorado, te gen yon papa ki pa reflechi, o, li ta pral sou montay yo, li te gen yon ti gason apeprè sis, set an. Li ta pral mennen l nan premye chas orinyal li. Kidonk yo te ale anwo nèt sou montay la, e ti gason an te di papa l: “M kòmanse bouke.”

²³ “Monte sou do m. Nou poko ase wo la, orinyal yo rete nan wotè.” Nonm lan te kontinye ap monte ankò e ankò e ankò jouk li te. . . Li pa t konnen, li te yon nonm lavil. Li pa t konn anyen sou kijan pou chase oswa kote pou ale. Nenpòt moun ki konn kichòy sou teritwa sovaj konnen ke orinyal pa rete nan wotè. Yo pa al la an wotè. Bouk kabrit rete an wotè, pa orinyal. Yo ret anba kote yo ka manje, yo dwe ale kote k gen bagay pou manje. Epi, konsa, men nonm sa te panse: “Si m monte anwo nèt nan wòch yo kèk kote anwo a la, mwen va jwenn yon gwo mal.” Li te wè yon tablo avèk kèk nan yo ki te kanpe sou—kanpe sou wòch, e l te panse se la li t ap jwenn li. Pa fè atansyon ak sa w li nan liv magazin sa yo, o la la, o la la, ou va fè yon kochma! Poutèt sa, gen yon sèl bagay pou fè, se pran yon gid ki fè w konnen kote w ye.

²⁴ E pou papa sa, bripsoukou on lapli te kòmanse tonbe anwo a la, youn nan jan de lapli rapid yo. E nonm lan te al chase two ta, jouk li te vin fè nwa e li pa t ka jwenn wout li pou l tounen. Epi la. . . apre sa van yo te vin sou tèt montay yo, e limenm pou tèt pa l t ap deplase vit, epi se. . .

²⁵ Ou dwe konnen kijan pou rete an vi, si w pran nan mera. Men yon lòt bagay, konnen kijan pou rete an vi! Mwen konn grenpe sou pyebwa epi glise desann yo, e grenpe pyebwa epi glise desann, ap monte desann konsa, pou rete an vi. Mwen konn pran nan nèj ki monte kat pye chak kote, ou rache chouk bwa epi blayi l atè. Epitou tèlman grangou ke apèn mwen te ka sipòte l! Apre sa kase vye chouk bwa sa yo, epi limen yo e kite l vin cho pou fè nèj la fonn. Epi apre sa vè inè, dezè di maten, rale chouk bwa dèyè, epi lonje sou atè cho sa, pou rete an vi. E ou dwe konn kijan pou fè bagay sa yo.

²⁶ E nonm sa pa t konn kisa li t ap fè, li pa t gen okenn moun avè l pou dirije l. Epi li te kenbe pwòp ti pitit gason li an sou lestomak li jouk li te santi l vin frèt epi mouri. Pa t reflechi! Si l te jis pran yon gid avè l, li t ap ka mennen l tounen desann dwat anba montay la kelkeswa lè l ta ye a, ou wè. Men li te tann jouk li te fè nwa, apre sa li pa t ka jwenn chemen l.

²⁷ Se pwoblèm sa ak Kretyen yo jodi a. Yo tann jouk fè nwa enstale, lè sa ou reyalize ke w te pati san Gid la. Gid la!

²⁸ Poukisa, eske w te janm wè yon nonm ki pèdi? Èske gen moun ki te janm fè eksperyans mennen tounen yon nonm ki pèdi? Se bagay ki fè plis pitye ou te janm wè. Lè yon nonm pèdi, li vin sovaj. Li pa konn sa l ap fè. Nou te jwenn yon nonm deyò a la, yon

jennòm, e l te pèdi nan bwa, epi l te panse. . . Li te konn travay nan ranch, men li te retwouve l nan move teritwa a epi l te pèdi, ap vire an won. E lè yo te jwenn li apre twa jou, li t ap kouri tankou yon nonm sovaj, ap rele gagannen. Tout bouch li te manje, epi l te voye zam li jete e li pa t konn kisa pou l fè. E lè pwòp frè li, lè. . . Yo te oblije met men sou li epi mare l. Lè pwòp frè l vin jwenn li, li goumen avè l tankou yon bèt, t ap eseye mòde l, li pa t konn kote l te ye. Poukisa? Li te pèdi. E lè yon nonm pèdi, li nan yon eta tankou l gaga. E li pa konnen si l nan eta sa, paske eta pèdi l la voye lafyèv sa sou li, e li pa konn kote l ye e kijan l ap aji.

²⁹ Se konsa l ye lè yon nonm pèdi kite Bondye! Li va fè dè bagay ke nan abitud li li pa t ap fè. Li va fè dè bagay ki—ki depase panse yon èt imen. Yon nonm ki pèdi kite Bondye, yon legliz ki pèdi kite Bondye, yon legliz ki ale lwen Bondye, ki ale lwen prensip Bib Bondye a, va fè dè bagay ke pafwa ou pa t ap atann jwenn nan legliz Bondye vivan an. Yo va fè lajan yo nan jwèt aza, ap jwe bòlèt, fè pari, tout sa yo ka fè. Yo va anseye nenpòt bagay, kite tout bagay pase, bat do moun ki bay gwo lajan nan legliz la, ak lòt bagay konsa, pou kite yo chape poul yo konsa. Se vre. Mete dyak ki te marye kat ou senk fwa nan konsèy la, jis pou yo ka chape poul yo konsa, pou jwenn lè de bout. Gen yon sèl bout ou dwe kontre, se, obligasyon w devan Bondye. Kanpe pou di Laverite! Pèdi, nonm ki pèdi a nan yon eta gaga, li se yon moun fou.

³⁰ Gid la gen konprann, kijan pou l ale ak kisa pou l fè. Bondye nan. . . Bondye te toujou voye yon gid bay pèp Li. Bondye pa janm echwe. Li voye gid, men ou dwe asepte gid sa. Ou wè? Ou dwe kwè sa. Ou dwe ale fason li di a. Si w retwouve w nan yon teritwa sovaj, epi gid ou a di “nou pral nan direksyon sa,” e poutan ou panse ale nan direksyon *sila*, w ap fini pa pèdi. Kifè lè w. . . Bondye voye yon gid ba nou pou gide nou, nou dwe swiv gid sa. Kelkeswa sa n panse, sa k parèt rezonab ak sa k parèt ridikil, nou pa la pou fè ide de sa, se gid la limenm sèl.

³¹ Bondye, nan Ansyen Testaman, te voye pwofèt yo. Yo te gid, paske Pawòl Seyè a te vin jwenn pwofèt la. Yo te gid. Yo te anseye pèp la tankou nou te fè yè swa, avèk Ezayi ak Ozyas. Yo te resevwa ansèyman, e yo te anseye pèp la epi gide yo. Epitou Bondye te toujou voye gid Li yo, Li pa t janm rete san yon gid, a travè tout aj yo. Bondye te toujou gen yon moun ki reprezante L sou tè sa, nan tout aj yo.

³² Bon, pafwa yo kite gid la, “kite wout la”, jan nou rele l la. Lè Jezi te sou latè isi a, nou pa sonje Jezi te di Farizyen yo: “Nou menm gid avèg”? Gid avèg, avèg sou bagay espiritiyèl. Ou wè? Bon, yo te sipoze gid, gid pou moun yo, ap gide moun yo pou yo sove. Men Jezi te di: “Nou avèg!” Epi Li te di: “Kite yo trankil, paske si avèg la ap kondwi avèg, eske yo toude pa p tonbe nan twou a?” Gid avèg! O, ala kontamine mond lan te vin kontamine ak sa, kondwit avèg. Li pa vle w apiye sou pwòp konprann ou.

Bondye pa vle w apiye sou konpreyansyon w oswa panse w, oswa nenpòt panse lòm fabrike.

³³ Bondye voye yon Gid, e Bondye vle w sonje ke se Gid pa Li ke yo nonmen. E nou dwe sonje Li. La Sa di, Jezi te di: “Mwen pa p kite nou, men Mwen va priye Papa a e Li va voye yon lòt Konsolatè pou nou.” E Konsolatè sa, lè Li gen pou L vini, Li gen pou L gide nou nan tout Laverite. E Pawòl Bondye a se Laverite, e Pawòl la se Kris: “Mwen se Chemen an, Verite a, ak Lavi a.” Li se Pawòl la: “Nan kòmansman Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te fè L chè epi Li rete nan mitan nou.” Kifè si nou swiv reyèl vrè Gid la, Sentespri a, Li ta dwe di nou sa L te wè, sa L te tandè, e L ta dwe montre nou bagay ki gen pou vini. Amèn. Men li. Li pral montre nou bagay ki gen pou vini.

³⁴ E lè legliz yo jodi a rejte Sa, kòman nou ka janm atann nou pou n al nan Syèl? Lè yo te voye Sentespri pou nou kòm yon Gid, nou te pran kadinal, evèk, sirentandan jeneral, oswa kèk moun konsa pou gide nou, alò ke yo te ba nou Sentespri a pou gide nou.

³⁵ E Sentespri a toujou pale de Pawòl la. “Mwen gen anpil bagay pou di nou, nou pa ka konprann Li kounye a, men lè L vini, Li va gide nou vè Sa.” Se pou rezon sa So yo te vini. Alafen Sètèyèm So a, mistè Bondye a ta dwe fini, pou konnen Ki Moun Bondye ye, kisa Li ye, kijan Li viv, nati Li, Èt Li ye a. Nou ta sipoze rive jouk *isi a* anwo nèt nan moman sa, ou wè, rive nan tout grandè pitit gason ak pitit fi Bondye, yon Legliz ki lave nan San Kris, ke yo achte san lajan, ke yo peye ak San Jezikri.

³⁶ Bon, men ni, yon Gid, Li se Gid Bondye bay la. Kounye a, n ap travèse yon dezè, e nou kèk kote sou wout nou, e nou pa ka avanse san Gid sa. E malè a kèlkeswa moun ki va eseye ranplase l pa nenpòt lòt gid la! Si w fè sa, l ap retire w nan liy lan. Gid sa konnen chemen an! Li konn chak pous teren an. Li konn tout panse ki nan kè w. Li konn tout moun ki isi a. Li konn ki moun ou ye ak kisa w te fè, ak tout bagay sou ou. Li se Gid Bondye a, Sentespri a, e Li va revele w de bagay, e L va di w bagay ke L tandè, ka tounen repete pawòl ou epi di sa w te di. Amèn. Ka di w sa w te ye, sa w te genyen, kote w prale. Yon Gid, Gid korèk la, e Li va gide w nan tout Laverite, epi Pawòl Li se Laverite.

³⁷ Kounye a, Sentespri a p ap janm fè w, di “amèn” a kèk kredo ke men lòm fè. Li va sèlman apiye Pawòl Bondye ak “amèn”, paske Li se sa. Sentespri a pa pral kondwi w okenn lòt fason. Men bagay dwòl la se, ke nou tout, tout gwo denominasyon nou yo ak bagay sa yo, nou pretann yo chak kondwi pa Sentespri a, e gen menm kantite diferans ant nou tout ke w jwenn ant lajounen e lannwit.

³⁸ Men lè Paul, ti Farizyen sa ki te resevwa Sentespri lè Ananyas te batize l la, epi li t ale an Arabi pou etidye pandan twa zan, vin retounen, epi pa t janm konsilte legliz sou anyen pandan katòz

an, e lè l vin rankontre Pyè, chèf legliz Jerizalèm, yo te dakò sou zafè Doktrin. Poukisa? Menm Sentespri a! Kote Pyè te batize nan Non Jezikri, Pòl te fè menm bagay la san pèsòn pa t di l. Kote Pyè te anseye batèm Sentespri a, ak sanktifikasyon, ak lòt bagay konsa, Pòl te fè menm bagay la, san l pa konsilte legliz, paske Se te menm Gid la. Kifè kijan nou ka ye jodi a lè moun yo refize Verite sa yo? Lè Pyè te anseye jan l te fè l la sou fason legliz te dwe mete l an òd, Pòl te gen menm Doktrin lan, paske yo te gen menm Gid lan.

³⁹ Gid la pap pran kontwòl youn fason *sa*, epi youn fason *sila*, pou voye youn nan lès epi lòt la nan lwès. Ou wè, Li va kenbe nou ansanm. E si nou jis kite Sentespri a kenbe nou ansanm, nou va vin youn. Si—si nou jis pa kite dyab la rale nou sou move wout la, nou va vin yon sèl kè, yon sèl panse, yon sèl akò, ak yon sèl Espri, Sentespri a, Gid Bondye a ki va gide nou nan tout Laverite. Se vre. Men ou dwe swiv Gid ou. Wi, mesye.

⁴⁰ Gade Nikodèm, li te bezwen yon Gid, poutan li te yon nonm entèlijan. Li te yon anseyan, apeprè katreven zan. Li te fè pati de Farizyen yo, oswa—oswa Lakou Sanedren yo, Konsèy la, Asosyasyon Ministè yo. Li te youn nan pi gran mesye sa yo, yon pwofesè nan Izrayèl, yon mèt nan sa. Panse, yon pwofesè mastèbren! Wi, li te konn lalwa, men lè w rive nan zafè ne de nouvo, li te bezwen yon Gid. Li te grangou pou sa. Li te konnen te dwe gen yon bagay diferan. Jan l te demontre l pou Kris nan nwit sa te pwouve l. Sa te pwouve sa a tou, jan rès yo te santi yo, men pyès ladan yo pa t gen bon jan—bon jan odas ke l te genyen. Pa t gen okenn nan yo ki te ka vini la epi fè sa l te fè a. Nou tout, moun yo, nou kondane Nikodèm poutèt li te vini lan nwit. Li te ale. Li te rive. M konn gen moun ki pa p menm kòmanse, lajounen kou lannwit. Men li te ale, epi li te bezwen yon Gid, epi l te di: “Mèt, nou,” ki soti nan Lakou Sanedren, “nou konnen Ou se yon Anseyan ki vin de Bondye.” Pouki li te konn sa? Li te konfime. Ou wè, li te vle konnen kisa nouvèl nesans sa te vle di, e li t al jwenn bon Moun lan, paske Bondye te konfime ke Sa se te Gid pa L la, Jezi. Gade sa l te di: “Mèt, nou konnen Ou se yon Anseyan ki vin de Bondye, paske okenn moun pa ka fè bagay ke Ou fè yo, sof si Bondye avè li.”

⁴¹ Se te yon konfimasyon la, ke te gen yon Bondye vivan anndan L. Kisa L te temwaye: “Se pa Mwen ki fè zèv yo; se Papa M ki abite nan Mwen. An verite M di nou, Pitit la pa ka fè anyen pa Li menm; men sa Li wè Papa a fè, se sa Pitit la fè tou. Papa a ap travay, e jouk kounye a M ap travay.” lòt fason pou di sa, Bondye te montre L sa pou L fè, epi L te ale e Li te reyalize l. Li pa t fè anyen jiskaske Bondye te di L fè l. Amèn. Sa se fè reyèl ki fran nan sa. Si nou te ka jis retire kò nou epi ret tann jouk Lespri pouse nou fè l! Se tou. Epitou pou w si tèlman pèdi nèt nan Kris ke Li pa bezwen bourade w tankou Li fè avè m, men premye ti

jès ak tèt Li, ou pare epi anyen pa ka rete w, paske ou konnen se volonte Bondye.

⁴² Li te bezwen yon Gid. Li te yon Gid konfime. Li te ka gide pa Gid sa paske li te konnen Gid sa te enspire de Bondye. Li te konnen ke tradisyon ke l te sèvi yo, petèt ak Farizyen yo, Sadiseyen yo, ak kèlkeswa sa l ye ankò a, li te sèvi kredo sa yo nèt ale epi l pa t wè anyen rive. Men yon Nonm te rive sou sèn lan, ap di ke Li se Mesi Bib la te pwomèt la. Apre sa L retounen ap fè zèv Bondye yo menm. Jezi te di: “Si M pa fè zèv Papa M, alò pa kwè M. Men si ou pa ka kwè Mwen, kwè o mwen zèv Mwen fè yo, paske yo temwaye de Mwen.”

⁴³ Alò, se pa etonan Nikodèm te ka di: “Mèt, nou konnen Ou se yon Anseyan ki vini de Bondye, paske pyès moun pa ka fè bagay Ou fè yo san Bondye pa avè L.” Ou wè, li te bezwen yon Gid, menm si l te metrize bagay la. Li te yon mèt dirijan nan legliz li. Li te gen diyite, epi li te gen—li te gen gwo pozisyon, epi l te yon grantòm; pa gen dout, tout moun nan tout peyi a te konn ba l respè. Men lè sa rive nan zafè ne de nouvo, li te bezwen yon Gid! Nou menm tou, wi, nou te bezwen yon Gid.

⁴⁴ Kònèy, se te yon gwo zotobre, yon nonm d onè. Li te fè bati legliz. Li te respekte Jwif yo paske li te konnen ke relijyon yo a te vre. Epi li te konn fè lacharité, e l te konn priye chak jou, men kan Sentespri a vini (Gen yon Bagay ki te ajoute nan legliz la), li te bezwen yon Gid. Bondye te voye Sentespri a ba li. Li te voye L pa Pyè an pèsòn: “Paske pandan Pyè t ap pale Pawòl sa yo toujou, Sentespri a te tonbe sou li.” [Espas vid sou kasèt la—Editè a] Bondye te itilize Gid la atravè Pyè. Li te itilize Li, paske Li te gide Kònèy sou bon chemen an. Epi pandan li t ap pale toujou, Sentespri a te tonbe sou Moun lòt Nasyon sa yo. Apre sa li te di: “Eske yon nonm ka entèdi dlo batèm, pou sila yo pa ta batize?” Ou wè, se toujou Gid la k ap pale, pa Pyè. Paske se te yon bann Jwif . . . oswa Moun lòt Nasyon yo, “bagay souye, sal” pou li, e li pa t menm vle ale. Men Gid la te di: “Mwen voye w.” Ou fè de bagay ke w pa panse ou te kab fè, lè Gid la pran kontwòl la konplètman, lè w kite L gide w. O, ala bèl mèvèy lè Sentespri a ap kondwi w. Li se Gid la. Dakò. Li te pale nan Pyè pou di l sa l dwe fè. Apre sa lè yo tout te resevwa Sentespri a, li te di: “Nou pa ka entèdi dlo batèm, pandan nou wè sila yo te resevwa Sentespri a menm jan avè nou o kòmansman.” Epi yo te batize yo nan Non Seyè Jezi. Kounye a, Ki Moun ki te kondwi l pou fè sa? Gid ki te nan li a. Eske Jezi pa t di yo: “Pa panse a sa nou pral di, paske se pa nou ki va pale; se Papa ki abite nan nou, Li va pran la pawòl”? Amèn.

⁴⁵ Enik la, ki t ap desann soti Jerizalèm. E Bondye te gen yon Gid nan mond lan nan tan sa, Sentespri a, epi L te gen yon nonm anba la ki te ranpli ak Gid sa. Li pa t menm yon predikatè, li te tankou yon jan de dyak. E li te anba la ap geri malad epi chase demon, epi li te lakòz anpil brasay, gwo rejwisans nan vil la. Li

te gen dè santèn de moun ki te rasanble toutotou l, e Gid la te di: “Sa ase atò, annou kase tèt tounen nan direksyon sa.” Li pa t fè tèt di ak Gid li.

⁴⁶ Pa janm rejenbe ak Pawòl Gid ou a. Swiv Li. Si w pa fè sa, w ap vin pèdi. Epi, sonje, lè w kite L, ou poukont ou, kifè nou vle rete toupre Gid la.

⁴⁷ Kidonk sou wout la, Li te di: “Kite gwoup sa kounye a, Filip, epi al lan dezè a kote pa gen pèsonn. Men Mwen voye w laba la, e va gen yon moun lè M va mennen w laba la.” Men yon enik poukont li ki t ap vini, li te yon gwo zotobre rèn anba a nan Etyopi. Kidonk li t ap desann, ap li Liv Ezayi a. Epi Gid la te di: “Al bò kot charyo a.”

Epi l te di: “Eske w konprann sa w ap Li a?”

⁴⁸ Li di: “Kijan m ka fè konprann si pa gen okenn moun pou gide m?” O la la! Men Filip te gen Gid la. Amèn. E li te kòmanse ak menm Ekriti a, pou li te preche l Kris. Amèn. Gid! Li pa t pale l de kredo, li te pale l de Gid la, Kris! Epi li te batize l laba nan dlo. Sèten, se te sa. O, ala m renmen sa!

⁴⁹ Lè Izrayèl te kite peyi Lejip pou ale latè pwomiz, nan Egzòd 13:21, Bondye te konnen yo pa t janm pase nan wout sa anvan. Se te sèlman karant mil distans, men kan menm yo te bezwen yon bagay pou ale avè yo. Yo te kab pèdi chemen yo. Kidonk, Limenm, Bondye, te voye yon Gid pou yo. Egzòd 13:21, di yon bagay konsa: “Mwen voye Zanj Mwen devan nou, Kolòn Dife a, pou kenbe nou sou chemen an,” pou gide yo al nan latè pwomiz sa. Epi desandan Izrayèl yo te swiv Gid sa, Kolòn Dife a (lannwit), Nyaj la lajounen. Lè L te kanpe, yo te kanpe. Lè L te deplase, yo te deplase. E lè L te mennen yo toupre peyi a, e ke yo pa t diy pou yo travèse, Li te mennen yo tounen ankò nan dezè a. Li pa t ka ale avè yo.

⁵⁰ Se sa l ye, legliz la jodi a. Pa gen dout si se pasyans Bondye jodi a, tankou l te ye nan jou Noye yo, legliz t ap gen tan ale lontan si li te jis korije epi mete l an òd. Men Li dwe kondwi nou fè nou ap vire anwon epi anwon epi anwon.

⁵¹ Se apèn si Izrayèl te konnen, lè yo t ap pouse kri, pandan yo t ap gade kadav solda Ejip yo, chwal ki te nwaye, charyo Farawon yo ki te vire tèt anba, yo te gen viktwa yo, Moyiz an Espri, ki t ap chante an Espri, Miryam ki t ap danse an Espri, epi jenn tifi Izrayèl yo ki t ap kouri monte desann sou riv la, ap rele epi danse, se kèk jou sèlman ki te separe yo de lèt ak myèl. Se apèn si yo te konnen ke yo te rete karant lane ankò, paske yo te kòmanse ap bougonnen kont Bondye ak Gid la.

⁵² E nou retwouve nou nan menm pozisyon an. Apre isi a mwen prale Shreveport. E Sentespri a te tonbe Jou Aksyondgras la, sa fè senkant an, nan—nan Lwizyàn, nan Jou Aksyondgras la. Gad kijan legliz tonbe depi tan sa! Eske nou reyalize ke legliz Katolik Women nan kòmansman li se te legliz pannkotis? Sa se

laverite. Se vre. Li te yon legliz pannkotis, men diyitè tou rèd yo te kòmanse ap rantrè ladann e yo te chanje Lèzekriti Bondye yo—yo pou tradisyon yo, dòg te ajoute sou Li, e latriye. Epi gade sa yo genyen kounye a, pa gen yon tikras Ekriti nan pyès ladan yo. Yo te ranplase yon bagay pa yon lòt bagay, yon ti moso pen pou Sentespri a. Yo te mete wouze nan plas plonje nan dlo. Yo te mete “Pè, Fis, e Sentespri” nan plas “Seyè Jezikri.” Yo te chanje tout gran atik Bondye sa yo ki te tabli pou nou, e yo te al lwen, lwen nèt, lwen nèt, ale nèt soti nan Doktrin Lèzekriti.

⁵³ E Lapannkot te desann nan Lwizyàn, sa fè senkant an, e si l kenbe pou yon lòt desan zan, li va elwaye plis ke legliz Katolik, si l kontinye ap tonbe jan li fè l la pandan senkant an ki sot pase yo, paske yo jis ap ajoute sou li tout tan, san rete. Predikatè a lansyèn mòd yo fin ale. Reyinyon nan lari yo, ou pa janm tandè pale de youn. Tout sa nou genyen se yon bann bagay Hollywood ke yo ajoute sou li, fanm ak cheve koupe k ap mete bout pantalon, makiye, epi tout lòt bagay, ap rele tèt yo Kreytèn. Kèk ti Ricky ak gita, k ap monte desann nan zòn lan, epi fanm ak rad si tèlman sere tankou yon . . . jis tankou yon sosis byen chèch ak po a—a sou deyò, preske, ap vire sekwe sou estrad la, ap kouri monte desann sou estrad la, ap danse ak zanno k pandye desann nan zòrèy yo, epi youn nan nouvo koup cheve premyè-dam-peyi isit la, apre sa rele tèt li Kreytente.

⁵⁴ Sa nou bezwen se yon relijyon a lansyèn mòd, ke Bondye voye, k ap chofo, ki va boule bagay lemonn sa yo soti nan legliz. Nou bezwen retounen jwenn Sentespri a epi Dife a, retounen jwenn bagay k ap boule fatra a, retounen ak predikasyon a lansyèn mòd la, pou rann Syèl la siprèm, epi lanfè cho, avèk dwati. Nou bezwen jan de predikasyon sa. Men ou fè sa jodi a, kongregasyon w va vote pou mete w deyò.

⁵⁵ Pafwa bon predikatè pèdi wout yo akoz de kongregasyon yo. Se poutèt sa mwen pa gen denominasyon. Mwen gen yon grenn katye jeneral, sa sot nan Syèl la. Kèlkeswa kote L voye a, se la m ale. Kèlkeswa sa L di a, mwen di l. Nou pa vle okenn denominasyon. Si jamè legliz sa ta pale de denominasyon, nou t ap pèdi pastè nou la menm. Mwen pa t ap trennen ak sa, menm pa pou senk minit. Chak legliz ki te janm vin yon denominasyon te tonbe nan semans lan, epi ban m youn ki pa t tonbe, e di m youn ki te janm retounen. Le Sentespri te voye pou kondwi legliz, pa kèk gwoup moun. Sentespri a se sajès an antye. Lèzòm vin kò rèd, endiferan.

⁵⁶ Bondye te di yo ke Li t a pral voye yon Gid ba yo, Li t a pral kondwi yo nan chemen an. E toutotan yo t ap swiv Kolòn Dife sa, yo te kòrèk. Li te kondwi yo jouk nan pòtay latè pwomiz, e konsa se te pi lwen Li te dwe ale. Apre sa Jozye, gran gèye sa, sonje jou li te di yo: “Sanktifye tèt nou, nan twazyèm jou a Bondye pral louvri Jouden an isi a e nou pral travèsè”? Bon gade sa l te di

(mwen renmen sa) nan Lèzekriti, li te di: “Rete toupre dèyè Ach la, paske nou pa t janm pase nan chemen sa anvan.”

⁵⁷ Kisa Ach la te ye? Pawòl la. Piga w vwayaje dapre wout denominasyon w yo kounye a, rete dwat dèyè Pawòl la, paske ou pa t pase nan chemen sa anvan. Epi, frè, si te janm gen yon tan kote legliz Kreyen la ta dwe egzamine tèt li, se kounye a menm. Kounye a menm nou nan kote gwo reyinyon sa ap dewoule nan Wòm kounye a menm, diferans ap fèt, konfederasyon legliz yo, lè tout denominasyon sa yo va rasanble ansanm pou fòme imaj bèt la, jis egzaktman sa Bib la di. E ou konnen sa n te di maten an nan Mesaj la. E men nou, ak tout bagay prèt pou rive, epi moun yo ki toujou ap swiv kredo. Pito w rete dèyè Pawòl la! Pawòl la va kondwi w nan travèse a, paske Pawòl la se Kris, e Kris se Bondye, e Bondye se Sentespri a.

⁵⁸ Rete dèyè Pawòl la! O, wi, mesye! Rete ak Gid sa. Rete dwat dèyè L. Pa pase devan L, rete dèyè L. Kite L kondwi w, pa kondwi L. Lage ba Li.

⁵⁹ Jozye te di: “Bon, ou pa t janm pase nan chemen sa anvan, ou pa konn anyen de wout la.”

⁶⁰ Se pwoblèm sa jodi a. Ou pa bezwen okenn gid pou gide w sou wout laj la. O, ou konn tout riyèl yo ak tout lòt bagay yo. Ou konn tout chemen pou peche. Pa gen okenn . . . O, ou gen lontan w ap eksplòre l. Li pa nesèsè pou yon moun ap eseye pale w de sa, ou konn tout chemen dekoupe yo. Se vre, chak peche, ou konn tout bagay sou li. Pèsonn pa oblije di w kijan pou w volè; ou konnen sa. Pèsonn pa oblije di w kijan pou w joure; ou konn sa. Pèsonn pa oblije di w kijan pou w fè move bagay sa yo, paske li afiche sou chak pyebwa toupatou.

⁶¹ Men, sonje, noumenm moun ki Kreyen yo, nou te travèse lòt bò. Nou nan yon lòt Peyi. Nou ne de nouvo. Nou nan Peyi a, yon Peyi Selès. Nou nan Tè pwomiz lan.

⁶² Nou ka gade, nou konn wout nou bò isit la. O la la, wi. Nou konn sa—sa, kijan pou nou pozisyone nou sou kèk men jwèt kat. Nou konn jwèt zo a, lè l woule, sa l vle di, ak tout bagay konsa. Men lè w rive nan zafè sentete ak ladwati la epi pwisans Bondye, epi kijan Sentespri a opere e sa Li fè, pito w rete dèyè Pawòl la, Gid la. Ou wè? Ou pa t janm pase pa chemen sa anvan.

⁶³ Ebyen, ou di: “Mwen te yon nonm trè entèlijan, mwen te gen—mwen te gen de diplòm kolèj.” Pito w bliye sa. Wi, mesye.

⁶⁴ “Mwen te pase nan seminè.” Pito w bliye sa. Wè. Pito w rete dèyè Gid la. Kite L kondwi w. Li konn chemen an; pa ou menm. Ou pa t janm pase nan chemen sa anvan. Ou di: “Ebyen,” “yo fè sa.”

⁶⁵ Ann wè si yo fè l. Jezi te di: “Sila yo ki te pase nan chemen sa, siy sa yo va swiv yo. Nan non M, yo va chase demon, pale nan nouvo lang; oswa pran sèpan oswa bwè bagay mòtèl, sa pa p fè

mal. Si yo poze men sou malad, sila yo va geri.” Pi fò ladan yo refize Li, renye Li, ap di Li pa menm enspire. Yo pa p swiv Gid la. Y ap swiv yon kredo lòm fabrike. Pito w rete drèt dèyè Pawòl la, paske w pa t pase nan chemen sa, ou konnen.

⁶⁶ Men ou ne de nouvo, e ou vin ne nan sentete. Ou pa t pase nan chemen sa anvan. Ou te pa- . . . Si w pase nan chemen sa, ou dwe vini atravè sentete, paske se yon nouvo Peyi, yon Lavi nouvo, yon nouvo pèp.

⁶⁷ Ou va al legliz epi w va wè yon moun leve kanpe, ap rele fò: “Glwa pou Bondye! Alelouya!”

⁶⁸ Ebyen, ou va di: “O la la, bonte, yo pa janm fè sa nan legliz mwen! Mwen pral leve epi soti!” En-hen. Ou wè? Fè atansyon.

⁶⁹ Rete dèyè Pawòl la, kounye a, kite Gid la kondwi w. “Li va kondwi w nan tout Verite a, e revele bagay sa yo ke m te pale nou an. Li va montre nou sa. Li va di nou bagay ki pral rive,” vrè Gid la. Pa al jwenn evèk la; al jwenn Gid la. Pa al jwen pèsonn pase Gid la. Li se Sila ke yo te voye pou gide nou. Li se Sila ki va fè li. Bondye te ba nou yon Gid. Pran chemen Bondye bay la.

⁷⁰ Pwoblèm la sè ke jodi a, moun ki vin legliz chita jis kèk minit, gen yon bagay k ap fèt ke yo pa abitye avè l.

⁷¹ Mwen te admire yon ti madanm ki ap frekante yon legliz frèt fòmèl, te jis priye pou li. Bondye pral geri ti madanm lan. Li pa t konprann sa. Li pa t konn anyen de sa. Li te rantre, li te di li pa t konnen. Men mwen te di li: “Se pa anyen pou vin wè m.” Li te on jan timid epi apa, men Gid la te kontinye ap di l: “Avanse.” Li te konprann sa. Se tou. Ou wè, se gras ak Sentespri a ki gide nou nan bagay sa yo. Ou wè, Bondye gen yon chemen ki founi.

⁷² Eske w janm . . . Eske nou te remake zwa sovaj yo k ap plane, kannn yo ki pral nan sid? Ebyen, kounye a sonje, vye ti kannn sa te fèt laba anwo a kèk kote sou yon etan. Li pa konn lès, nò, wès, ak sid. Li pa konn anyen ke etan sa ki la nan montay yo o Canada. Li pa t janm kite etan sa, men li te ne pou l yon chèf lidè. Ti mal kannn sa te fèt pou l te yon lidè. E premye bagay la, yon nwit te gen yon gwo nèj ki te vin sou tèt montay yo. Kisa k rive? Briz frèt sa te desann ap travèse la. Mwen ka imajine l k ap tranble, ap di: “Manmi, sa sa vle di?” Ou wè, li pa t janm te santi tan frèt sa anvan. Li kòmanse remake toutotou, li kòmanse remake toutotou arebò etan an, sa te kòmanse fè glas, glas t ap vini sou etan an. Li pa konnen, men brip sou kou . . . Li te fèt pou l te yon gid pou gwoup kannn sa yo. Li va vole dwat nan mitan letan sa menm kote sa frape l la. Rele l jan w vle a. Nou rele l enspirasyon, oswa ou ka rele li, o, jis ensten, kèlkeswa sa l ye a. Li va dirije l dwat nan mitan etan sa, leve ti bèk sa an lè, epi kòmanse: “Kwen-kwen, kwen-kwen!” Epi tout kannn nan etan an va kouri tou dwat al jwenn li. Poukisa? Yo konnen lidè yo, jis fason li fè kwen-kwen an.

73 “Si twonpèt la bay yon son ensèten, ki moun ki ka pare tèt li pou batay?” Pa vre. Ki moun ki ka pare tèt li pou batay si twonpèt la bay yon son ensèten?

74 Ebyen, si ti kanna sa bay yon kwen-kwen ensèten, ki moun ki va pare tèt li pou vole? Vyep ti kanna sa va gonfle ti fal li anlè la, epi rele: “Kwen-kwen, kwen-kwen!” Epi chak ti kanna va vin jwenn li. “Kwen-kwen, kwen-kwen!” Men yo. Se pa ti kras jibile yo va genyen, la menm nan mitan etan sa, jis ap vire tounen ankò e ankò e ankò. Apre yon ti tan li santi sa ap aji sou li, li dwe pati. Li va pozisyone ti zèl li yo desann pou vole kite etan sa, monte anlè epi vire anwon la kat ou senk fwa, epi ale jis tou dwat posib nèt an Lwizyàn, ak chak kanna kole dèyè l. “Kwen-kwen, kwen-kwen,” men l ap vini. Poukisa? Li se yon gid! Amèn! Kanna konn gid yo, pa legliz. Wè, li konn sa pou l fè.

75 Gade vye zwa sa yo, ki soti dirèk de Alaska. Bon, gen yon vye mal zwa ki toujou gide yo, e zwa sa yo oblije swiv tout bon mal zwa sa. Yo dwe konnen de kisa mal zwa sa ap pale. Eske nou te li sa nan liv magazin *Look* isi a sa fè apeprè katran, kote yon vye mal zwa yon fwa pa t konnen sa l t ap fè? Epi li te kondwi yon pakèt zwa ale nèt an Angletè. Se vre. Yo pa t janm te konnen yo anvan an Angletè. Poukisa? Yo pa t janm byen konsidere lidè yo—yo a. Vye mal zwa sa pa t konnen kote l ta prale. E jis kounye a yo lòtbo a e yo pa ka retounen.

76 Se sa k pwoblèm lan ak anpil nan zwa sa yo jodi a, yo toujou makonnen. Yo di, magazin *Look* sa te di, zwa sa yo ret makonnen epi y ap vole fè tou Angletè, men yo pa konn ki jan pou yo tounen. Se konsa l ye ak kèk *zwa* ke m konnen. Ou gen yon makòn, ak gwo reyinyon byen long, epi envite kèk predikatè revèy pou vin preche yon moman, men ou pa konn kote w prale. Makonnen ap vire anwon e anwon, paske nou te pran kèk mal zwa pou kondwi nou nan yon penyen lage denominasyonèl; e non lan Pawòl Bondye a, pou fè nou tounen nan batèm Sentespri a. Epi apre sa n ap mande poukisa nou pa gen revèy nan jou pa nou yo. En-hen. Ou wè? Nou dwe gen Son sèten sa! Son sa se twonpèt Levanjil la k ap soufle Levanjil la, chak Pawòl Bondye. Pa kredo, pa denominasyon; men Bib la, Sentespri a. “Siy sa yo va suiv sila yo ki kwè.” Ou wè? E men yo k ap desann sou wout la.

77 Selon sa k te di, yon fwa yon vye mal zwa, te koz yon pakèt mouri, nan eseye fè yo vole nan fè nwa, pa t konnen kote l ta prale, poutèt pa l, e yo tout te frape sou mòn laba yo, e kèk ladan yo te depatcha, eklate. Sèten! Yo oblije konnen son sèten pa yo a. Vye ti kanna sa, si l te gen son sèten an epi tout moun te konnen sa, yo te gen yon ti jibile ansanm epi y al fè wout yo nan sid. Poukisa y al anba a? Kote k pa fè frèt.

78 Bon, si Bondye bay yon kanna ase sans pou l konn kijan pou l chape pou fredy, kisa Li ta dwe bay legliz? Si yon kanna ka fè sa pa ensten, sa n ta di pou Sentespri nan legliz? Li ta dwe gide nou

pou nou soti nan vye fòmalitye ak kredo ak bagay sa yo, mennen nou nan yon batèm Sentespri ki gen glwa, bèl mèvyè. Li mennen vini vèti, konesans, pasyans, pyete, epi Sentespri a. Se nan sa Gid reyèl la ap kondwi, paske Li pa p eksprime lòt bagay ke Levanjil la, jis Pawòl Bondye a. Sèten, ou bezwen yon Gid!

⁷⁹ Yon lè, maj yo, yo pa t konn anyen de Bondye. Yo te—yo te moun k ap fè maji, majisyen. Yo te laba an oryan. Ou konnen, Bib la di: “Nou te wè Etwal Li nan Lès, nou vini pou adore L.” Yo te sot nan lwès, yo t ap gade nan lès epi yo te wè Etwal Li. . . ou pito yo t ap gade nan lwès, yo te nan Lès. “Nou te nan Lès, epi nou te wè Etwal Li nan lwès.” Ou wè? “Nou te wè Etwal Li nan Lès.” Epi, ou wè, yo te nan Lès. “Lè nou te nan Lès nou te wè Etwal la, e nou te vini pou adore L.”

⁸⁰ M ka imajine m ap gade zanmi sa yo ap pare yo pou ale. M ka imajine youn nan madanm yo te di l, te di: “Koute, m mare tout pakèt ou yo, men kote bousòl ou?”

Li te di: “Mwen—mwen pa p sèvi ak bousòl fwa sa.”

⁸¹ Li te di: “Kijan w ap fè travèsè mòn yo?” Sonje, yo te dwe janbe Rivyè Tig epi desann nan plèn yo, epi. . . bon, yo te vwayaje pandan de zan sou chamo. Kijan yo pral fè sa? Li te di: “Ebyen, ou pa p menm pran yon bousòl.”

Li te di: “Non.”

“Kijan w prale?”

⁸² “Mwen prale ak fason Bondye bay la. Etwal sa ki lòtbò a va kondwi m kote Wa sa.” Se fini.

⁸³ “Nou te wè Etwal Li nan Lès, e nou te suiv Li nèt ale jouk isi a nan lwès, pou adore L. Kote Li?” Yo te suiv fason Bondye te bay la. Pandan yon ti tan yo te mare ak yon pakèt kredo anba la. Yo te antre nan Jerizalèm epi yo te kòmanse monte desann nan lari yo, ap mande, bann moun byen abiye sa yo: “Kote Li? Kote Sila ki tou fèt Wa Jwif yo?” Ebyen, sa se te tèt la, sa se te Jerizalèm. Se sèten gwo legliz la ta dwe konnen yon bagay sou Sa. “Kote Li? Kote Sila ki tou fèt Wa Jwif yo? Nou te wè Etwal Li nan Lès, nou vin adore L. Kote Li?”

⁸⁴ Enben, yo t al jwenn pastè *Entèl-entèl* epi gran prèt *Entèl-entèl*, okenn nan yo pa konn anyen de Sa. “Enben, gen Youn ki tou fèt Wa Jwif yo, kote Li?” Yo pa t konnen.

⁸⁵ Men te gen yon gwoup bèje laba sou ti mòn lan ki te jis ap pran yon ti plezi, wi, mesye, paske yo te vini fason Bondye te bay la.

⁸⁶ Kifè yo te rete ozalantou la, epi dirèkteman youn te di: “M pral di nou kisa n ta dwe fè, nou ta dwe gen yon reyinyon konsèy la.” Kifè yo te rele Konsèy Sannedren an vini, epi—epi panse ke yo te tandè kichoy sou Sa. “Non, nou pa t konn anyen de Sa.”

⁸⁷ Se menm bagay la jodi a. Yo pa konn anyen de Gid sa, Sentespri sa ki geri, ranpli, sove, k ap vini ankò. Gid ki te di nou tout bagay sa yo ki te rive, men nou isi a drèt nan mitan yo. Youn Ki disène panse nan kè; yo pa konn anyen de Sa, yo rele L telepati mantal oswa yon bagay konsa. Yo pa konn kisa pou yo di sou Li.

⁸⁸ Kidonk, ou wè, maj sa yo, toutotan. . . Sonje, lè yo te antre nan Jerizalèm, Etwal la te disparèt. E toutotan w ap chache kredo ak moun denominasyon pou kondwi w jwenn Bondye, èd pa Bondye a va kite w. Men lè yo vin bouke ak sa, epi kite yo, kite kredo yo ak denominasyon Jwif sa yo, epi yo te soti kite Jerizalèm, lè sa Etwal la te parèt ankò epi yo te rejwi ak yon gwo jwa k ap debòde. Yo te wè Gid la ankò! O, ala sa bon, anbake nan kèk vye legliz fòmèl frèt, apre sa retounen nan youn ki bon ap pran dife, ap gade Gid la k ap kondwi, ala yon diferans sa fè! Wi: “Nou te wè Etwal Li nan Lès e nou te vini pou adore L.”

⁸⁹ Jozye te di yo: “Kounye a suiv Ach la, paske nou pa t janm pase nan chemen sa anvan.” Bondye pa p pèmèt Ach sa al lòt kote ke kote ki kòrèk la. Tout moun te suiv Li, e Li t al travèse Jouden tou dwat.

⁹⁰ Menm bagay la jodi a, ak Sentespri a. Wi, mesye. Sèl bagay nou konnen, ke l se Sentespri ou non, nou wè manife- . . . manifestasyon Li yo, manifestasyon ki konfime Pawòl Bondye a.

⁹¹ Bon, sa pa fè lontan, yon bann frè te gen san ak lwil, epi sa korèk si yo vle fè l fason sa. Mwen . . . Sa pa yon konfimasyon pou mwen. Sa dwe yon konfimasyon dapre Lekriti, ou wè, toutotan li konfime sa Bondye te di a, se kòrèk. Yo te di: “Se rezon sa ki montre nou gen Sentespri a, lè nou gen lwil nan men nou.” Bon, mwen—mwen pa ka apiye sa. Ou wè? Non, mwen pa kwè ke lwil sa gen anyen pou wè avèk sa. E si se san sa ki pral geri epi sove, sa k pase ak San Jezikri a? Si lwil sa geri, sa n fè ak blesi Li yo? Ou wè? Ou wè?

⁹² M ta renmen Gid la vini, sa ki mennen nou nan Verite Pawòl la, apre sa nou konnen nou santrè epi nou pare pou konte ap desann jiska zero a. Se vre, prè pou nou vole ale. Wi, mesye. Wi, poukisa? Gid la se Sila Ki rann sa reyèl.

⁹³ Mwen gen yon Ekriti la, m te bay Ekriti sa yo, men m vle li sila a. Se dezyèm epit Pyè, chapit 1, vèsè 21.

Paske . . . pwofèt yo pa t janm bay mesaj paske yo menm yo te vle. Okontrè, se pa Sentespri ki te pouse yo lè yo t ap bay mesaj ki soti nan Bondye.

⁹⁴ Kijan pwofesi a te vini? Se pa pa volonte lòm, kredo denominasyon; men pa volonte Bondye, kan dè zòm sen te pouse pa Sentespri a. Li te toujou Gid Bondye a. Se te Sentespri a ki te nan Kolòn Dife sa, se te Sentespri a, tout moun konnen ke se te Kris. Moyiz te abandone Lejip, li te estime repwòch Kris la pi gran pase richès Lejip. Se te Li Kris. Ebyen, lè yo te kanpe la epi

ap di: “Ebyen, Ou di Ou se . . . Bon, Ou pa menm gen senkant an, epi W di Ou te wè Abraham?”

⁹⁵ Li te di: “Anvan Abraham te fèt, SE MWEN.” SE MWEN an se Sila ki te rankontre Moyiz nan Kolòn Dife a nan touf bwa ki t ap boule a. Wi, mesye. Li te Bondye ki te fè L chè a. Pa yon twazyèm pèsòn; menm Moun lan nan yon diferan fonksyon. Pa twa bondye; twa fonksyon pou yon sèl Bondye. Kòrèkteman.

⁹⁶ Dakò, kounye a, Ekriti a. Kan Bondye bay, Li toujou bay sa k pi bon an. Lè Bondye te bay yon fason pou fòtifye legliz Li, Li te bay sa ki pi bon an. Lè L te lonje bay Adan ak Èv, nan jaden Edenn lan, sa L te ba yo se te Pawòl Li. “Rete dèyè Pawòl sa, konsa ou va an sekirite. Men si w soti kite L, jou ou va manje ladann jou sa w ap mouri.” Bondye pa janm chanje estrateji Li. E Satan tou pa janm chanje pa l la; jan l te rive sou Adan ak Èv la, li rive sou yo jodi a. Poukisa? Poutèt y ap eseye rezon ak Li. “Bon, se rezonab ke Bondye pap ladan l. O, se sa Bondye te di,” dapre Satan: “men se sèten yon Bondye sen pa p fè sa.” Se sèten Li va fè l, paske Li te di Li va fè l!

⁹⁷ E se sa moun di jodi a: “O, kounye a ret tann! Ou pa kwè kounye a, si m al legliz epi mwen peye dim mwen, epi mwen fè *sesi*, se *lòtbò*, Bondye ap rejte m voye m anba la?” Eksepte si yon nonm ne de nouvo, li pa p menm konprann Wayòm Bondye a! Ou wè? Pa gen ekskiz! “Ebyen, pòv vye mesye a, pòv vye madanm lan, gen kèk bon vye nanm.” Sèl fason yo ka janm wè Bondye, se pou yo ne de nouvo. Se tou. M pa bezwen konnen kijan l piti, kijan l granmoun, kijan l jèn, kisa yo te fè, konbyen fwa yo t al legliz, konbyen denominasyon yo konnen, kantite kredo yo ka resite. Ou dwe ne de nouvo sinon ou pa menm nan fondasyon an, pou kòmanse. Se ekzakteman sa.

⁹⁸ Kifè, ou wè, ou bezwen Gid la. Li va gide w nan Laverite, epi Verite a se Pawòl la. Li va gide w. E se sa li te toujou ye. Bondye pa janm gen pou L chanje anyen, paske Li enfini e Li konnen kisa k pi bon. Li omniprezan, Li omnisyan, Li se—Li se tout bagay. Se vre, se sa Bondye ye, kidonk Li pa gen pou L chanje. Dakò.

⁹⁹ Se Li Ki konfime fason L ap kondwi w la. Sentespri a, Gid la, se Li Ki konfime menm Pawòl L ap anseye a. Bon, Lik te kondwi pa Gid la, pou di: “Ale nan tout mond lan, preche Levanjil bay tout kreyati. Sila ki kwè epi ki batize va sove, sila ki pa kwè va kondane. Epi siy sa yo va swiv sila yo ki kwè; nan Non Mwen yo va chase demon, pale nan nouvo lang, pran sèpan, bwè bagay mòtèl, poze men sou malad e yo va geri.” E Bib la di ke: “Yo t ale toupatou,” kondwi pa Gid la, ou konnen, “ap preche Pawòl la, ak siy k ap swiv.” Kisa l te ye? Gid la ki t ap konfime ke Sa se te Laverite!

¹⁰⁰ Sa se te fason pa Bondye. Se konsa l te tabli. Sa se pwogram Li; Li pa ka chanje l, paske Li enfini. Amèn. Li pa ka chanje l; Li se Bondye. Mwen ka chanje; mwen se yon nonm. Ou ka chanje;

ou se yon nonm oswa yon fanm. Men Bondye pa ka chanje. Mwen gen limit; mwen ka fè erè epi di bagay ki pa vre, nou tout ka fè sa. Men Bondye pa ka fè sa, epi rete Bondye. Premye desizyon L pafè. Fason Bondye aji sou sèn lan, se fason sa Li dwe aji chak fwa. Si yo rele L sou sèn lan pou sove yon pechè, Li sove l sou baz yon bagay. Pwochen fwa yon pechè vini, Li dwe aji menm fason an, sinon Li te aji mal lè L te aji premye fwa a. Amèn. Mwen renmen L. M konnen se Verite.

¹⁰¹ Mwen gen senkanntwa zan, ap preche Levanjil isi a depi tranntwa zan edmi, m pa janm wè L echwe. Mwen te wè L a leprèv sèt fwa toutotou mond lan, pami tout kalite relijyon ak tout lòt bagay, devan otan moun ke yon demi milyon alafwa, e Li pa t janm echwe. M pa p pale apati de kèk liv, mwen pale apati de eksperyans pèsònèl, ke m konnen Bondye kanpe deyè Pawòl Li e Li onore L. Kounye a, si ou gen kèk jan de kredo, li ta mye ou fè atansyon a sa. Men Sentespri a va kore Pawòl Bondye a.

¹⁰² Nan Sen Jan, chapit 1 ak vèsè 1, li di Li se Pawòl la, Li se Gid la: “Nan kòmansman Pawòl la te la, Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te fè L chè e Li te abite pami nou.” O, la la!

¹⁰³ Pyè te kondwi pou di, nan Ak 2:38, kijan pou resevwa Sentespri a, li te di: “Repanti, nou tout, apre sa batize lan Non Jezikri pou remisyon peche nou yo, epi lè sa Gid la va pran nou depi la nèt ale.” Wi, se sa ki pou fèt. An premye, repanti de peche nou yo, enkredilite nou, poutèt nou pa t kwè bagay sa yo. Repanti, epi apre sa batize, epi lè sa Gid la va pran nou depi la nèt ale. Ou wè, sa se devwa nou. Se devwa nou pou n repanti. Se devwa nou pou n batize. Apre sa se devwa Gid la pou l pran nou depi la nèt ale, pou kondwi nou depi nan vèti ale nan konesans, nan tanperans, nan pasyans, nan pyete, epi nan lanmou fratèl, epi Sentespri a sele nou. Ou wè? Lè sa nou vin nan plen potansyèl Bondye, yon reyèl òm de Dye, yon reyèl sèvant Bondye, ki ankre pwofon nan Kris. Mwen renmen sa, ki ankre pwofon nan Kris.

¹⁰⁴ Wi, Mak te kondwi pa Sentespri a, pou ekri Mak 16, se klè.

¹⁰⁵ Jan te kondwi lè l te ekri Apokalips. Li te kondwi pa Gid la. Li te kondwi tou pa Gid la pou di: “Nenpòt moun ki va retire yon Pawòl ladan L, oswa ajoute yon pawòl ladan L, yo va retire menm jan an, pati pa l la, nan Liv Lavi a.”

¹⁰⁶ Kounye a, kijan w pral mete yon bagay nan plas Pawòl Bondye a, epi kontinye ap di ou kondwi pa Sentespri a? Sa pa fè sans, pa vre? Non, mesye. Li pa fè sans.

¹⁰⁷ Li te Gid mwen tout vi m. Li te gide m nan Vi a. Li te Sila ki te kondwi m mennen m nan Lavi, e Li se Lavi m. San Li mwen pa gen Lavi. San Li mwen pa vle anyen lòt. Li se tout mwen Tout-nan-Tout. Nan moman pwoblèm mwen, Li kanpe avè m. Ayè Li te beni m, jodi a yo fè menm bagay la. A kisa m ka atann mwen? Menm lan pou tout tan, lwanj pou Non Li! Amèn. Wi, mesye. Li

te pwomèt li. Li va fè l. Li se Lavi m, Li se Gid mwen, Toutnan-Tout. Mwen te fè L konfyans. Mwen te gen kèk eprèv difisil. Mwen fè L konfyans kèlkeswa kote m prale. M vle w fè sa. Si w pral lave, nou menm medam yo, fè L konfyans. Si nou pral anba lavil, fè L konfyans.

108 M te gen yon tan kote m te panse m te kèk bon jan moun ki konn bwa, ou konnen, m tèlman te konn chase. M te panse: “Mwen jis pa ka fè erè, pèsòn pa pral. . . Ou pa ka fè m pèdi. Manman m te mwatye Endyen, e m te renmen sa. O la la! Ou pa ka fè m pèdi nan bwa forè, mwen konn kote m ye.”

109 E pou lindemyèl mwen, mwen te on ti jan twonpe madanm mwen, m te di l: “Ou konnen, cheri, li t ap yon bon bagay pou nou marye venntwa oktòb.” Se klè, se lè sa Seyè a te di m fè l.

110 E m te panse: “Bon, pou yon ti lindemyèl, m te sanble kòb mwen, epi m va mennen l Niagara Falls, epi monte al nan rejyon Adirondack epi fè yon ti chase.” Ou wè? Kifè mwen te pran l ak Billy, ki te jis tou piti. Epi konsa mwen te oblije mennen l nan lindemyèl, epi se te nan yon vwayaj lachas, tou, ou konnen. Kifè—kifè mwen te panse se te yon bon bagay pou fè. Epi kifè mwen te monte avè l, epi. . .

111 Mwen te ekri Mesye Denton, patwouyè a. Epi nou t ap monte sou Montay Hurricane. Epi m te di: “Mesye Denton, m ap vini, mwen vle al chase kèk lous avè w sezon otòn sa.”

112 Epi l te di: “Oke, Billy, monte vini.” Kifè li te di: “M ap monte *tèl-tèl* dat.” Ebyen, madanm mwen avè m te rive la yon jou anvan, ak Billy, e konsa chalè a te fèmen ak kle. Te gen yon ti abri pou depanne nan bwa a.

113 Se kote, Frè Fred Sothmann avè m t ale sa pa fè lontan epi nou te kanpe la. Sentespri a, m te wè L kanpe la, Limyè jòn sa t ap vire nan bwa a, e Fred te kanpe jis la. Li te di: “Met kò w sou kote, mwen vle pale avè w. Demen,” Li te di, “fè atansyon, yo pare yon pyèj pou ou.” Li te di: “Rete sou gad ou!” Se vre, Frè Fred? Epi m t ale e m te di dè santèn de moun sa lan nwit sa, laba Vermont, m te di: “Gen yon pyèj ki pare pou mwen; mwen pral wè li. Mwen pa konn kote l ye.” Epi nwit apre a menm, men l vini, men l te la. Li te di: “Men pèlen ki pare a.” Wi, mesye. Men Sentespri a te gide m nan sa pou m fè. Epi, o la la, sa te jis byen pase! O, anpil nan nou konn sa l te ye. M pa gen tan pou di l.

114 Men nan moman sa nou te kanpe la kote sa, li te jis kòmanse fè frèt jou sa. Mesye Denton ta pral vini jou apre a, m te di: “Ou konnen, cheri, li t ap bon si m te pran yon—yon gwo mal sèf pou mennen lakay.” M te di: “Nou te. . . M te oblije rasanble ti kòb monnen sa yo, e nou te fèk marye.” Epi m te di: “Nou t ap gen vyann pou ivè a si m fè yon ti chase jodi a.”

115 E li te di: “Ebyen, ale, Billy.” Li te di: “Bon, sonje, m poko janm vin nan forè sa,” li te di. Li te a vennsenk mil wotè sou tèt

mòn yo, ou konnen, epi l te di: “M pa konn anyen nan sa.” Epi l te di: “Kifè mwen. . .”

116 M te di: “Ebyen, bon, ou sonje, sa fè de zan m te touye twa lous sa yo. Se te drèt deyè a anwo tèt mòn laba la.” Epi m te di: “Kounye a, m pral pran yon gwo mal sèf e nou va pran kèk lous,” e m te di: “nou va gen vyann ivè nou.” Ebyen, sa te sonnen trè byen, ou konnen. (Epi nou te ranmase ti fwi mi, epi nou te pran chabon pou—pou ivè sa; epi Billy te vann yo apre sa, epi Meda avè m te ranmase yo yon aswè apre m te fin fè patwouy.) Kifè apre mwen—mwen te di: “Ebyen, m pral pran fizi m, m pral desann la.” M te di: “Gen anpil sèf isi a, m pral jwenn youn.” Epi m te di: “Ou konnen,” m te di, “apre sa m va pran l.” Epi m te di: “Nou pral. . . M ap retouren nan yon ti moman.”

Li te di: “Oke.”

117 Kifè, lè m te kòmanse, tanperati a te on ti jan ba. Epi nenpòt nan nou moun New Hampshire yo, epi anwo la nan New England, konnen sa sa vle di lè bwouya sa desann, nenpòt lòt kote sou mòn yo, ou pa konn kote w ye. Se fin eksplik. Ou pa ka wè men w devan w. Kifè apre sa mwen te kòmanse desann nan yon—yon ti chemen dekoupe, tankou, desann, epi monte ap travèse tèt mòn lan epi monte anwo. Epi m te remake yon pantè, jan nou ta rele l bò pati sa isi a nan peyi a. Nan Lwès, nou rele l kouga. Yo rele l, anwo laba, lyon montay. Tout se menm bèt la. Sa l ye vrèman, se yon pouma. Menm ras chat yo, apeprè nèf pye longè, li peze nan sansenkant, desan liv yo konsa. Li te kwaze wout la, e mwen te glise zam la byen vit, men pa ase vit pou tire l.

118 Ebyen, m te glise monte anwo sou ti mòn lan, ap chase kouga sa, ap obsève fèy kote l te pase, ou konnen. M te ka tandè l. Li te gen kat pat. M te konnen se pa t yon bèt ak de pat, li te gen kat pat. E m te konnen li pa t on sèf, paske sèf fè bri ak pat li. E li t ap vrèman fasil pou l glise, chat la konsa, ou konnen. Epi yon lous woule pat li yo lè l ap mache. E kidonk mwen te konnen fòk se on kouga. Epi l te deyè yon twonk bwa e m pa t wè l, jouk tan m te apès l, li te met deyò.

119 Epi m t ap swiv tras kote l te deranje fèy yo, ou konnen, anwo a sou tèt mòn lan, epi anba konsa, e mwen pa t ap siveye nyaj sa ki t ap desann san rete, ou konnen, bwouya t ap desann. Mwen te glise desann, ale anba nan yon gran vale epi m te soti al nan Gwo tonton forè yo, ap swiv kouga sa. M te panse: “M pral pran l apre yon ti tan.” M te ka wè yon kote, epi m te ka kouri monte on kote ki wo, pou gade toutotou konsa, epi jete yon koudèy toupatou, pou wè si m ta ka wè l; pran san m ap koute, epi desann, glise desann ankò. Ou te ka tandè pat yo k ap deplase, byen lwen devan m, antan l t ap sove ale. Ou wè, li t ap frape pye bwa yo konsa m pa t ap ka retrase l. Ou wè, li te entèlijan, li te monte sou pye bwa yo epi ap sote de yon pye bwa a yon lòt. Konsa li te konnen mwen pa t ap ka retrase l la. O, mwen te panse: “O, de tout fason!”

¹²⁰ E m te kòmanse ap remonte kànyonn lan, e m te pran sant yon lous, yon vye mal lous. M te panse: “M pral pran l kounye a, gason m, sa bon!” M te retounen ap pran sant ankò, e m t al on ti jan pi lwen, epi m t ap siveye tout kalite siy ak tout bagay. M pa t ka wè anyen; m te retounen desann, epi m te retounen desann sou lòtbò montay la. Epi sètalo m te kòmanse remake, yon ti bwouya t ap vini. Epi m te ka toujou santi ankò, li te nan lè a kèk kote. M te di: “Non. Kounye a, sa k te pase, van an t ap vin nan direksyon sa, epi m vini. . . Sant lous la te sot pa anba desann nan direksyon sa, epi m te travèse vire kounye a epi van an ap vini sot nan lòt direksyon sa. Kidonk m dwe retounen kote m te pran sant lous la premye fwa a, epi pran l depi la.”

¹²¹ Epi sou wout tounen mwen, m te gade atravè kànyonn lan, m te wè bwa yo ap bouje. E lè m te wè sa, yon bagay nwa te bouje. M te panse: “Men li.” M te mete yon katouch nan fizi a, byen rapid, epi m te rete tou dousman. Epi, lè sa te fèt, se te yon gwo gwo mal sèf, yon gwo gwo. M te panse: “Se jis sa m te vle a, de tout fason.” M te tire sou mal sèf la.

¹²² M te panse: “Ebyen!” M pa t janm remake li te on jan. . . Le tan pou te prepare l, m te gade. . . M te pwòpte men m epi m te ranje kouto m, mete l nan plas li. Epi m te panse: “Lwanj pou Bondye! Mèsi, Seyè Jezi, Ou ban m vyann mwen pou ivè a. Lwanj pou Bondye!” Epi m te pran fizi m. M te panse: “M pral jis tounen monte nan kànyonn la kounye a.” M te di: “Gade isi a, gason m, gen yon tanpèt k ap vini. Pito m soti isi a epi tounen al jwenn Meda ak yo.” M te di: “Fò m fè vit.”

¹²³ Mwen te sige nan kànyonn la, m te deboutonnen gwo manto wouj mwen an, epi m t ap kouri nan kànyonn lan *konsa*, ap vire won. Premye sa w konnen, m te panse: “O la la, se ki kote m te tounen an?” Van an te deja desann, pyebwa yo t ap rantre youn nan lòt. M te panse: “Se ki kote m te tounen an?” M te fè tou a. Mwen—mwen te konnen m ta pral tou dwat nan Montay Hurricane. Men sa rive m te kanpe, epi m t ap swe, m te panse: “Sa k gen la? M te pati depi yon demi è oswa twaka dè, e m pa ka jwenn kote m te tounen an.” M te gade anlè, e men sèf mwen an ki te pandye la. M te jis menm kote a. M te panse: “Ebyen, kisa m te fè?”

¹²⁴ Ebyen, m te derape ankò. M te panse: “M ap reyisi fwa sa, m jis pa t remake.” M t ap veye chak ti mouvman tout kote, ap obsève. M te kontinye ap chache, chache, chache. Nyaj sa yo t ap vini, m te konnen te gen yon tanpèt nèt ki te nan wout, bwouya t ap desann ba, e lè sa m te kòmanse remake. M te panse: “M pral on ti jan pi lwen,” m te kontinye, ale, ale, ale, ale, ale, ale. Epi m te panse: “Ebyen, sa dwòl, sanble m te wè kote sa anvan.” Epi m te gade, e men sèf mwen an pandye. Ou wè?

¹²⁵ Ou konn nan kisa m te pran? Endyen yo rele l “santye lanmò”. Ou wè, w ap tounen an won, tounen epi vire tounen. Ebyen, m

te panse m te yon twò bon gid pou m te janm pèdi. Ou wè, pa gen anyen ou te ka di m nan zafè al nan bwa, m te ka retwouve m. Ou wè?

¹²⁶ Epi m te rekòmanse a zero ankò. M te di: “M pa ka fè erè sa.” E m te retounen.

¹²⁷ M te remonte kanyonn lan on ti bout, lè sa van te kòmanse ap soufle. O la la, nèj tout kote! Preske toupatou nan fè nwa. E m te konnen Meda t ap mouri nwit sa nan dezè a, li pa t konn kijan pou l te defann tèt li. Epi Billy te gen jis katran konsa, twa zan, jis on ti bout bagay. Epi m te panse: “Kisa yo pral fè?” Ebyen, m te monte jouk la e m te tonbe sou yon glasi limon, m te panse: “Mwen sou yon teren plat kèk kote la, e m pa ka wè anyen, gen bwouya toupatou.” M t ap vire an won la.

¹²⁸ Dòdinè, m t ap jwenn yon plas mete kò m epi kenbe la, si m te gen yon moun avè m. M t ap kenbe epi tann jouk tanpèt la fini, yon jou ou de, epi soti. Koupe moso nan sèf mwen an . . . pote sou do m, epi ale, manje, epi bliye sa. Men w pa ka fè sa, ak madanm ou bebe w lonje anwo a nan bwa a, ap peri. Ou wè?

¹²⁹ Kifè mwen kòmanse panse: “Kisa m ka fè?” Kidonk m t ale on ti jan pi lwen. Epi m te panse: “Bon, ret tann. Lè m te travèse premye vale sa, van an te nan figi m, kifè m oblije te rive pa direksyon sa. M ta dwe vin nan direksyon sa.” E m te pèdi anba nèt nan reyjon Gwo tonton forè yo, men m pa t konnen kote m te ye. M te di: “O!” M te kòmanse panike. Epi m te panse: “Tann on minit, Bill, ou pa pèdi,” ap eseye blofe tèt mwen. Ou pa ka blofe sou sa. Non, non. Konsyans anndan sa di w ou gen tò.

¹³⁰ O, ou—ou ap eseye di: “O, mwen sove, m al legliz.” Pa enkyete w, ret tann jouk kabann lanmò sa vini, e ou va konnen sa diferan. Konsyans ou di w. Yon bagay anndan w di w ou gen tò. Ou wè? Ou konnen si w ta mouri ou pa t ap ka rankontre yon Bondye ki sen an. Jan nou te wè Li yè swa, menm Zanj ki sen yo dwe mete vwal sou figi yo pou kanpe devan L. Kijan w pral ka kanpe san w pa gen San Jezikri pou vwale ou?

¹³¹ M te panse: “O, m pral reyisi.” M te kòmanse. Epi m te dekouvri m te kontinye ap tandè yon Bagay. Apre sa m te panike. Epi m te panse: “Kounye a, si m kite sa rive, m pral depatcha an myèt moso.” Dabitid se sa yon nonm ki pèdi fè, li depatcha an myèt moso nan bwa a. Apre sa li va pran fizi l, tire tèt li; oswa tonbe nan yon twou epi kase janb li, epi li lonje la, li va mouri la. Kifè m te panse: “Kisa m pral fè?” Kidonk m te kòmanse ap mache.

¹³² Epi m te kontinye ap tandè Yon Bagay ki t ap di: “Mwen se Sekou tout bon ki la lè gen twoub.” M te jis kontinye ap mache.

¹³³ M te panse: “Bon, m gen prèv mwen on ti jan pa nan bon sans mwen kounye a, men m ap tandè Vwa k ap pale avè m.” M kontinye ap avanse. Mwen te fè: “*wouw, wouw, wouw*,” ap soufle, ou konnen. M te panse: “Bon, m pa pèdi. Ou konn kote w

ye, gason! Ki pwoblèm ou? Ou pa ka pèdi. Ou se—ou se yon twò bon chasè, ou pa ka pèdi.” Ap fè dyòlè pou tèt mwen, ou konnen, ap fè tèt mwen blofe pwòp tèt li nè.

¹³⁴ Ou pa ka blofe sou sa. Pa anba nè *isi a* gen yon ti wou k ap vire, ap di: “Gason m, ou pèdi e ou konnen w pèdi. Ou wè, ou pèdi.”

¹³⁵ M kontinye ap mache. “O, m pa pèdi! M pral kòrèk. M pral jwenn chemen m.” Bagay yo te kòmanse parèt dwòl, van yo te pwoche. Nèj te kòmanse ap voltije, ti flokon nèj yo, nou rele l “krache atè.” M te panse: “Yon madanm ak bebe! Mwen pa . . .” M te panse: “O la la!”

¹³⁶ Dirèkteman m te tande Sa ankò, Ki te di: “Mwen se Sekou tout bon ki la lè gen twoub.” E m te yon minis Levanjil lè sa, ki t ap preche *isi a* menm nan tabènak la.

¹³⁷ Kifè mwen te panse: “Ebyen, kisa m ka fè?” Mwen te kanpe, gade toutpatou, e te gen bwouya ki te deja desann kounye a. Mwen . . . Se te fini. Anyen pa t ka fèt lè sa. M te panse: “O, kisa m ka fè?” M te panse: “Mesye, m pa merite viv, mwen te gen twòp konfyans nan tèt mwen. M te panse m te yon chasè, men mwen pa sa.”

¹³⁸ Epi, frè, m te toujou fè L konfyans. Zafè tire, m te bat rekò anwo a la. Epi pou kesyon peche pwason, mwen nil, men m te toujou fè L konfyans. Zafè tire, mwen nil, men Li te kite m bat rekò dimond nan sa. Ou wè? Pou sèf, m te tire sèt, a uisan yad. M te gen yon fizi anwo a la ki te touye trantsenk tèt jibye san m pa t manke yon kou avè l. Jis li sa nenpòt kote a, si w kapab. Ou wè? Se pa mwen, se Li. M te fè L konfyans.

Men mwen ki te la, m te panse: “Kisa m ka fè? Kisa m ka fè?”

¹³⁹ M te kontinye . . . Sa t ap pwoche, pwoche: “Mwen se Sekou tout bon ki la lè gen twoub, yon Sekou tout bon.”

¹⁴⁰ Mwen te panse: “Eske se Bondye k ap pale avè m?” M te retire chapo m. M te gen chapo patwouy mwen, yon mouchwa wouj roule toutotou l. M te depoze l atè a. Retire manto mwen, li te imid. Epi mwen te lonje manto m atè a, poze fizi m kanpe apiye sou yon pyebwa. M te di: “Papa ki nan Syèl la, kounye a m pa posede tèt mwen, m ap tande Vwa k ap pale avè m. Eske se Ou?” M te di: “Seyè, m pral admèt pou Ou ke mwen pa yon chasè. Mwen pa sa, mwen—m pa ka jwenn wout mwen. Ou dwe ede m. Mwen pa diy pou m viv, epi fè bagay ke m te fè yo, vini *isi a* epi panse m te konn twòp sou sa pou m ta janm pèdi. Mwen bezwen W, Seyè. Madanm mwen se yon bon madanm. Ti bebe m lan, ti pitit gason m lan, manman l mouri, e l ap eseye vin on manman pou li, e m fèk marye avè l. Epi men l *isi a*, yon timoun, la nan bwa a, yo tou de pral mouri aswè a. Van sa, li pral desann apeprè a dis anba zero, e yo pa p konn kijan pou yo viv. Yo pral mouri aswè a. Pa kite yo mouri, Bondye. Mennen m al jwenn yo, pou m ka asire m yo pa mouri. Mwen pèdi! Mwen pèdi, Bondye! Mwen—mwen

pa ka jwenn chemen m. Eske W pata ka ede m tanpri? Epi padone mwen, pou pwòp fason egoyis mwen! Mwen pa ka fè anyen san Ou, Ou se Gid mwen. Ede m Ou menm, Seyè.”

¹⁴¹ Mwen leve kanpe, epi m di: “Amèn.” Ramase mouchwa m; manto a, m ramase l; remete chapo m; ramase fizi m. M te di: “Bon m pral pran san mwen pi bon fason ke m konnen, ak pi bon sa m konprann; epi m prale dwat nan yon direksyon, paske m ap vire tounen an won yon kote, ke m pa konnen. Men mwen pral nan direksyon Ou di m lan, Bondye Seyè, Gid pa m nan.”

¹⁴² M te kòmanse ap mache nan direksyon *sa*. M te di: “Se sa l ye, e mwen te oblije fè tèt mwen kwè sa. M pral nan direksyon *sa*. M prale dwat nan direksyon *sa*. Mwen pap devye, m pral nan direksyon *sa*. M konnen m gen rezon. M pral nan direksyon *sa*.” Si m t al nan direksyon *sa*, m t ap met tèt mwen sou Kanada. Ou wè?

¹⁴³ Egzakteman nan moman sa mwen te santi Yon Bagay manyen m sou zepòl mwen, yon men, se te tankou men yon nonm, kifè, rapidman m te vire tounen gade. Pa t gen pèsonn ki te kanpe la. M te panse: “Kisa sa te ye?” Men Bib la etale devan m. Bondye, Gid ak Jij mwen, kanpe isi a. M te jis leve tèt mwen gade. Epi dwat pa dèyè nan direksyon *sa*, bwouya sa te jis degaje vin klè jouk mwen te ka wè tou a sou tèt Montay Hurricane lan. M ta pral tou dwat byen lwen l, ak pi bon kapasite chasè mwen, m ta pral lwen l, lè sa li te kòmanse byen ta nan aswè. M te vire tounen byen vit, dirije tèt mwen *konsa*. Mwen te kenbe chapo mwen epi leve menm anlè, m te di: “Gide m, Bondye, Ou se Gid mwen.”

¹⁴⁴ Mwen te kòmanse. M te dwe monte falèz yo tou dwat ak tout bagay ki te la yo, li te vin pi ta e pi ta. Apre sa fè nwa vin tonbe. Sèf yo t ap sote devan m, epi tout bagay. M pa t ka panse a anyen ke kenbe tèt mwen nan yon sèl direksyon, tou dwat kote montay sa.

¹⁴⁵ E m konnen si m te ka rive nan tou a, Mesye Denton avè m . . . Mwen te ede enstale liy yo prentan sa. Nou te take kab telefòn la depi Montay Hurricane lan, desann nèt sou apeprè twa mil edmi oswa kat mil, desann dwat nan kan an. Epi li te desann dwat sou yon ti santye, men, ak nèj la sou li, ou pa ka distenge santye a. Ou wè? Epi van ap souffle epi tout bagay, li te fè nwa epi tanpèt nèj epi, ap mache, ou pa ka di kote w te ye. Ebyen, sèl bagay m te konnen pou m fè, apre l te vin fè nwa, epi m pa t konnen . . . M konnen mwen ta pral nan yon direksyon, epi m te dirije m dwat kote montay la. Paske m te sipoze monte sou montay la, epi al nan tou a ki te chita dwat sou tèt montay la, epi m te gen apeprè sis mil distans pou rive sou li. Jis panse, bwouya sa te degaje vin klè, sis mil ankò, jis yon apèsi, jouk mwen te ka wè l!

¹⁴⁶ Epi apre sa mwen—mwen te ka ramase fizi m ak men *sa*, epi kenbe men *sa* anlè, paske m te take kab la—la nan pyebwa yo konsa ap desann, kab telefòn yo rive nan kabin lan, pou l te ka pale ak madanm li, epitou apre sa rele lòt kote apati de la, apati

de montay la. E m te gen pou ede l desann avè l otòn sa. E m te gen men m anlè *konsa*, ap di: “O Bondye, kite m manyen liy sa.” M t ap mache, epi menm te sitèlman gen doulè, fatigue, a penn si m te ka kenbe l, e m te oblije kite l desann. Epi m te ka chanje fizi a epi mete l nan *sa*; fè kèk pa an aryè konsa m te ka sèten mwen pap rate l, apre sa leve men m anlè, kòmanse ap mache, mache. Li te vin ta, fè nwa, van t ap soufle. O, m te vin atrap yon branch pyebwa, m te di: “Se sa! Non, se pa sa.” O, li bay . . . Pa kite l bay yon son ensèten.

¹⁴⁷ Apre yon moman, kan m te jis sou pwen pou m abandone, men m frape yon bagay. O la la! Yo te jwenn mwen, lè m te pèdi. Mwen te ponyen kab sa. M te lage fizi a drèt atè, retire chapo m sou tèt mwen, epi m te kanpe la. M te di: “O Bondye, ala yon sansasyon sa ye pou yo jwenn ou, lè w pèdi.” M te di: “Tou dwat anba a jouk nan bout kab sa, mwen pa p janm lage l. Mwen pral kenbe kab sa fò. Li pral gide m tou dwat kote w jwenn tout sa k sou tè sa ki chè pou mwen, jis anba la. Madanm mwen ak ti bebe mwen, fin fou, pa konnen kote m ye, pa konnen kijan pou fè yon dife, pa konnen ki sa pou fè, epi van ap vante, epi branch ap kase epi sot tonbe nan pyebwa yo.” Mwen pa t oze lage kab sa. Mwen te kenbe kab sa jouk li te gide m dwat al kote w jwenn tout sa ki te chè pou mwen sou latè.

¹⁴⁸ Se te yon eksperyans tèrib, epi yon gwo eksperyans pou jwenn chemen m, men sa pa t mwatye ladan l. Yon jou mwen te pèdi nan peche. Mwen t al legliz apre legliz, ap eseye jwenn Yon Bagay. Mwen t al nan Advantis Setyèm-jou, yo te di m: “Kenbe Saba a, sispann manje vyann.” Mwen t al nan legliz Batis, premye legliz Batis, li te di: “Jis leve epi di yo ke w kwè nan Jezikri Pitit Bondye a, epi mwen va batize w, se tou.” Pa t gen anyen. Men yon jou, deyò a nan yon ti depo chabon, mwen te kenbe men m anlè, mwen te sezi byen di Yon Bagay; oswa, pèmèt mwen di, Yon Bagay te sezi m byen di. Se te yon Kòd Lavi, Gid la. E Li te kondwi m an sekirite jouk kounye a, mwen pa p retire menm m sou Kab sa. M ap kenbe men m nan Li. Ke kredo yo, denominasyon yo fè sa yo vle, m ap kenbe Gid la fò. Paske tout sa ki te janm genyen sou latè e tout sa ki nan Syèl, ki te janm presye pou mwen, li nan bout Liy sa. Li te mennen m an sekirite jouk kounye a, mwen va fè L konfyans pou rès chemen an. “Lè Sila ki Sentespri a va vini, Li va gide nou epi mennen nou nan tout . . .”

¹⁴⁹ Zanmi, Li mennen m kote m ye jodi a. Li fè m sa m ye a. Se ak kontantman mwen ka prezante Li ba nou. Li se sèl Gid ke m konn yon bagay sou Li, pou isi a sou latè oswa anwo a La. Li se Gid mwen lè m al lachas. Li se Gid mwen lè m al lapèch. Li se Gid mwen lè m ap pale a yon moun. Li se Gid mwen lè m ap preche. Li se Gid mwen lè m ap dòmi.

¹⁵⁰ E lè m rive pou m mouri, Li va kanpe nan rivyè a. Li va gide m nan chemen an. “Mwen pa p pè okenn mal, paske Ou avèk

mwen. Woulèt Ou ak baton Ou, yo va korije m epi gide m janbe rivyè a.”

An nou priye.

¹⁵¹ Papa ki nan Syèl la, mwen tèlman gen rekonesans pou Gid la, Sila K ap kondwi m lan. O, pafwa, Papa, mwen pa reyisi tande L otou de mwen, mwen vin pè. Mwen vle L pre mwen paske m pa konn ki lè m pral plonje nan rivyè a. Mwen vle L rete pre mwen. Pa janm kite m, Seyè. M pa ka pale, m pa ka preche, m pa ka chase nan bwa, m pa ka fè lapèch sou rivaj la, m pa ka kondwi machin mwen, pa gen anyen m ka fè san Ou. Ou se Gid mwen. Ala kontan m kontan pou m di kongregasyon sa aswè a, kijan Ou te gide m nan tout bagay sa yo, kijan Ou te mennen mwen!

¹⁵² Lòt jou mwen t ap panse; sa pa fè plis ke kèk ane, m te kanpe anba isi a nan lari a, e poutèt fanmi m te fè sa ki mal, pyès moun pa t vle pale avè m. Mwen te poukont mwen san zanmi. Pèsonn pa t vle an afè avè m. Yo te di: “Papa l nan kontrebann.” E, Seyè a, te wè pyès moun pa t vle pale avè m. E m renmen moun. Men yon jou lè m te met men sou kòd Liy sa! Kounye a mwen panse, Seyè, m oblije chape an kachèt nan dezè pou pran yon ti repo. Kisa k fè sa? Se pa pèsonalite, se pa edikasyon; mwen pa gen youn. Men se te Ou, Seyè. Ou, Seyè. Ou te pèmèt mwen atenn sib la, Ou te pèmèt mwen atrap gwo pwason, paske W konnen m te vle fè l. Ou ban m papa ak manman. Ou ban m frè ak sè. Ou ban m sante mwen. Ou ban m yon madanm. Ou ban m fanmi. Ou se Gid mwen, Seyè. Kite m kenbe men W, pa janm kite m lage. Si yon men vin bouke, mwen va jis chanje men. Ede m, Seyè.

¹⁵³ E kounye a ke chak moun isi a met men sou menm Kòd Lavi sa, Seyè, Sentespri a ki se Lavi nou, resous Ki bay Lavi a. E ke L gide nou tout nan Peyi kè kontan lòtbò a, kote traka lavi yo fini epi travay nou sou latè fini, epi lè sa pa pral gen vyeyi ankò, pa p gen moun ki fèb, pa p gen nwit fatig ankò, pa p gen kriye ak priye ankò, pa p gen apèl a lotèl ankò, men nou va jèn la pou tout tan, pa p gen maladi ak chagren ankò. Pa p gen peche ankò, e nou va viv nan jistis Bondye a nan tout laj ki pral vini yo, nan yon Etènite ki pa p janm fini. Fè sa, Papa.

¹⁵⁴ Epi kounye a, Papa, si gen nenpòt isi a aswè a ki pa t janm met men sou Kòd Lavi sa, ke yo jwenn Li kounye kounye a. E ke Sentespri Ki te gide m lan. . . Epi mwen ka di nan fon kè m, avèk men m sou Pawòl Ou a, Li te toujou gen rezon. Mwen te an tò plizyè fwa. Men Li gen rezon. Pèmèt Li rete avè m, Seyè. Pèmèt mwen rete avè L. E ke lòt yo isi a, ki pa konnen L aswè a, ke yo ponyen kenbe men Li ki pap chanje a, konsa sa ta ka gide yo.

¹⁵⁵ Epi yon jou nou va rive nan rivyè a. Va gen bwouya maten sa, tou. Vye lanmè a va ap gwonde, vye Jouden an, vag yo pral dechennen, lanmò pral toufe lavi soti nan nou. Men, Bondye, mwen—mwen pa p pè. Mwen te regle sa depi lontan. M jis vle

retire kas la, tankou yon gèrye, vire tounen, tounen gade dèyè sou chemen an pou wè ki kote Liy sa te gide m. Wè tout dezè kote m soti a, epi tout zòn raje, ak chak pil wòch ki te kòche m, men m te kenbe fil Kab la fò. Jan W te di a, powèt la te di:

Kèk vini atravè dlo, epi gen kèk se atravè
inondasyon,
Kèk atravè gwo eprèy, men tout atravè San an.

E m vle pran *Sa*, vye Epe isi a, ki te pwoteje m sou tout wout la, epi remete L nan fouwo L, epi rele byen fò: “Papa, voye bato a nan maten sa, m ap rantrè Lakay.” Ou va la, Seyè. Ou te pwomèt li. Ou pa ka fayi.

¹⁵⁶ Beni tout moun ki isi a kounye a. E si yo pa konn kijan pou yo met men sou Liy sa, e ke yo pa t janm manyen L, ke men ki sen leve kounye a, men ki vle, men ki gen dezi, epi manyen Kòd Lavi ki va kondwi yo bay dezi kè yo, lapè ak satisfaksyon pafè, repo nan Kris.

¹⁵⁷ Avèk tèt nou bese, eske ta gen men ki ta ka leve epi di: “Pèmèt mwen. Kenbe men m fò”? O, Bondye beni w.

Lè chemen an ap vin tris, presye Seyè, rete tou
pre,
Lè lavi m va preske fini;
Bò larivyè a mwen va kanpe,
Gide pye m, kenbe men m,
Pran men m, presye Seyè, kondwi mwen.

¹⁵⁸ Eske ta gen yon lòt ki leve men l yo, pou di: “Seyè, mwen vle santi Kòd Lavi a touche m aswè a. Mwen vle santi Kris padone m peche m yo, e mwen vle vin yon nouvo kreyati apati de moman sa”? Bondye beni w. Eske ta gen yon lòt ki di: “Kite m manyen W, Seyè. Kite m renonse a pwòp tèt mwen”? Bondye beni w, sè. “Kite m renonse a pwòp tèt mwen, epi jwenn sa, Seyè, nan Ou.” Bondye beni w. E Bondye beni w. Se sa. “Kite m renonse a pwòp tèt mwen, Seyè. Fè m bliye.” Bondye beni w, frè. “Kite m . . .” Bondye beni w, sè. “Kite m jis renonse a tout konesans mwen.” Bondye beni w, sè. Pa fè plan ki fèt ak men lòm konfyans. Suiv Gid la, Li va gide w nan tout Laverite. “Kondwi m, Seyè Jezi, kondwi m.” Bondye beni w dèyè la. O, gen anpil men ki te leve, ki vle sali. Kounye a pandan n ap . . .

¹⁵⁹ Lotèl la isi a, ou pa ka rele a lotèl, paske moun chita tout la. Men Li la menm. Nou konn bèl e byen, lè nou te leve men nou an, yon bagay te pase nan kè nou. Jezi te di: “Sila ki tande Pawòl Mwen yo epi kwè nan Sila ki te voye M lan, gen Lavi ki pa p janm fini an.” Ou vrèman serye? Alò men pisin lan isi a plen ak dlo. Pral gen yon pakèt tan pou batèm. Annou priye.

¹⁶⁰ Papa nou ki nan Syèl la, ti Mesaj koupe sa aswè a ak yon vwa anwe, Sentespri a dwe te soti al kèk kote. Li t al kote Li te prevwa a, e gen anpil, Seyè, aswè a, anviwon kenz oswa ven te leve men yo, pou di yo te bezwen Gid la. Yo reyalize ke yo t

ap eseye twonpe tèt yo. Y ap eseye di “Mwen kòrèk,” men nan pwofondè yo yo konnen yo pa byen. E yo vle santi W, Seyè. Yo vle Gid la. Yo vle enskri. Ou pa janm gen twòp chay. Yo vle enskri pou vwayaj sa. Yo pa konn kijan pou yo al la. Pèsonn pa konn kijan pou yo mennen yo la; Ou se yon Sèl grenn lan. Y ap vini pou Gid Bondye bay la, Sentespri a. Yo te leve men yo.

¹⁶¹ O Sentespri epi Gid, desann sou yo. Padone tout peche. Padone inikite yo. Pran yo mete yo nan Kò Kris la aswè a, kote yo ka santi kouran Bondye a k ap kouri nan Liy sa ki pral kondwi yo desann nan Jouden an, epi atravè Jouden an rive nan Latè pwomiz. Ke yo swiv dwat dèyè Pawòl la. Pawòl la di: “Repanti, epi apre sa batize nan Non Jezikri.” Ke yo pa eseye l kèk lòt fason. Ke yo swiv dwat dèyè Pawòl la, paske Li se Sila ki pral gide a. Sa se—sa se mach pou grenpe jouk nou ka met men sou Gid la byen sere. Fè sa, Seyè. Ke yo vin pou Ou. Yo nan men W kounye a, tankou twofe, pa gen moun ki ka fè yo soti. Mwen kwè W va pran yo, tankou moun ki sove. Mwen kwè yo te leve men yo, yo pa t ka fè sa pa pwòp yo menm si Yon Bagay pa t pale avè yo. Se te Oumenm, Sentespri e Gid la.

¹⁶² Yo wè lè a ap pwoche, bwouya ap vini sou latè, gwo kredo epi—epi bagay ap rasanble ansanm, legliz yo ap fòme yon federasyon, ap met ansanm. Epi, O Bondye, se pa tikras eseye y ap eseye di: “Tout sa ki gen yon bagay etranj pral oblije kite isi a pou ale an Alaska.” Epi tout bagay sa yo k ap menase a, se pa nouvo pou nou, gran Gid la te montre nou sa nan chemen Pawòl la. Nou jis ap pase nan pati Sa.

¹⁶³ Papa, Bondye, Ou pale avè yo aswè a, epi mwen remèt yo ba Ou kounye a kòm twofe Pawòl la. Lan Non Jezi.

¹⁶⁴ Kounye a, sou biwo a isi a, Papa, gen mouchwa blayi la, se pou moun malad, kèk ti bebe, petèt, kèk manman, kèk sè, kèk frè; menm ti epeng cheve tache ladan yo. E kounye a mwen kenbe yo tou pre m. Bon, yo anseye nou nan Bib la ke yo te pran sot sou kò Pòl mouchwa ak tabliye, epi moun malad yo te geri, lespri souye yo te soti kite moun yo. Kounye a nou reyalize, Seyè, ke Pòl te yon nonm, li te jis yon nonm. Men te gen onksyon Sentespri a ki te sou li ki te beni mouchwa yo, ak fwa ke moun yo te genyen ke li te apot Ou. Bon yo te pran Pòl nan men nou, men pa Gid la, Li toujou isi a. Epi, Bondye, mwen priye ke W va beni mouchwa sa yo, e ke Gid la dirije yo kote, soumisyon konplè sa ye.

¹⁶⁵ Yo te di nou ankò ke lè Izrayèl t ap swiv Gid yo a, e ke yo te rive dwat devan Jouden an, dwat devan Lamè Wouj la (pito). Yo te stope nan moman menm yo t ap fè devwa yo, epi Gid la te kondwi yo anba la. Poukisa? Pou montre glwa Li. E lè tout espwa te pèdi, lè sa Bondye te gade anba atravè Kolòn Dife sa, epi menm vye lanmè mòt la te vin pè epi l te woule fè bak, epi te gen yon chemen ki te fèt pou Izrayèl mache jouk nan latè pwomiz.

166 Vrèman, Seyè, Ou toujou menm Bondye a. Moun sa yo petèt se Kretyen, petèt yo dwat nan chemen devwa a, men yo te mennen yo nan plas kwense sa kote maladi kwense yo. Gade anba atravè San Jezi aswè a, de fason demon sa va vin pè, li va fè bak, epi pitit Ou yo va travèse jouk nan pwomès bòn sante a. Akòde l, Papa. Mwen voye yo soti nan kò m rive sou pa yo, nan Non Jezikri.

167 Mwen leve kongregasyon sa devan W, pa lafwa mwen mennen yo dirèk sou lotèl glorye Bondye a laba nan Syèl. Paske tout dezi maladi, kèlkeswa sa yo genyen ki pa kòrèk, kèlkeswa sa k pa kòrèk nan vi yo nenpòt kote a, Bondye, pwòpte yo, fè yo vin pou Ou. Geri yo, Papa. E ke Pwisans ki te resisite Jezi soti nan tonm lan, mete lavi nan kò mòtèl yo epi fè yo vin nouvo kreyati nan Kris. Ba yo bòn sante ak fòs pou sèvi W.

168 Sonje mwen, O Seyè. Mwen se sèvitè W. Ede m, pandan m kanpe ap adrese rekèt priyè. Epi mwen priye ke Sentespri a va gide nou epi itilize nou, epi kondwi nou jouk nan jou nou va wè Jezikri fas a fas nan Vini glorye Li lè nou va rankontre L anlè a nan Anlèvman. Lan Non Kris nou mande sa. Amèn.

Mwen renmen L, mwen . . . (eske w renmen L?)
 Paske L te renmen m an premye
 E L te achte sali mwen
 Sou bwa Kalvè.

169 Kounye a, si nou pa renmen youn lòt ke nou wè, kijan nou pral renmen Li Ke nou pa wè? Kounye a lè nou pral chante *Mwen Renmen Li*, an nou bay vwazen nou on lanmen lanmou ak tout kè n.

Mwen renmen Li, . . .

Bondye beni w . . . ? . . . Bondye beni w . . . ? . . . Bonbye beni w . . . ? . . . Bondye beni w, Frè Neville . . . ? . . . En-hen. Bondye beni w . . . ? . . .

Sou bwa Kalvè a.

Kounye a an n leve men nou ba Li.

Mwen renmen L, mwen renmen L
 Paske L te renmen m an premye
 E L te achte sali mwen
 Sou bwa Kalvè.

170 Yon trè bon kantik, èske nou ta renmen tande youn? Mwen konprann ke nou gen yon kondiktè chan evanjelis isi a ki soti nan Indianapolis. Mwen kwè li chante nan Tabènak Cadle. Èske se vre? Dakò, mesye. Se plas li sa nan Tabènak Cadle. Konbyen ki sonje E. Howard Cadle? O la la! Ke Bondye fè nanm presye li repoze. Vrè wosiyòl nan zafè chante, se yon fanm ke m te renmen tande ap chante, pi byen pase prèske nenpòt moun ke m te janm tande chante nan vi m, se te Madan Cadle, lè l ap chante: “Lè ou te kite chanm ou maten an, èske w te panse priye lan Non Kris Sovè nou, kòm yon Boukliye jodi a?”

¹⁷¹ Jis an fas lari a la yon maten, nan yon vye ti mazi de pyès, mwen te leve, m ta pral ale pou fè dife. Recho a pat vle limen. E m te eseye fè l pati, epi van an te desann, li te soufle bagay la nan figi m. E l te fè frèt, e m te preske konjle. E glas sou tout planche a, epi m te pye atè; ap eseye fè vye ti recho fèblan sa limen, li te gen on ti tiyo fou sou li. Epi m te jis. . . Meda avè m te fèk marye on ti tan. E mwen t ap eseye, vye bout bwa a te mouye e li pat vle boule, epi m te chita la, m te panse: “O la la! M pral eseye l ankò.” M te dwe al travay, epi m t ap vante vye recho sa *konsa*. E m te lonje menm epi m te limen radyo a, epi l te kòmanse ap chante: “Lè ou te kite chanm ou maten an, èske w te panse priye,” mwen te jis tonbe sou planche a: “lan Non Kris Sovè nou, kòm yon Bouklye jodi a?” O, ala m renmen tande fanm sa!

¹⁷² Lè m va travèse rivyè a nan kèk tan, mwen kwè m va tande Madan Cadle k ap chita la. Ou konnen, mwen te toujou pran randevou. Sou bò isi rivyè sa a, gen yon Pyebwa ki toujou vèt, ou konnen, Pyebwa Lavi a; e laba sou lòtbò rivyè a, gen yon koral Zanj k ap chante lajounen kou lanwit, paske pa gen lanwit la, ap chante tout jounen, ou wè. M pral pran plas mwen pou jis chita dèyè a epi ap tande l. Mwen kwè m va tande Madan Cadle lòtbò a ap chante.

¹⁷³ Bondye beni frè nou. Mwen bliye non li. Kisa l ye, frè? [Frè a di: “Ned Woolman.”—Editè a] Frè Ned Woolman pral chante pou nou kounye a. Frè Woolman, mwen kontan genyen w isi a aswè a. [Frè Woolman chante *Chapèl Kè Mwen*.]



YON GID CRE62-1014E
(A Guide)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch swa 14 oktòb 1962, nan Branham Tabernacle ki Jeffersonville Indiana U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org